Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьІыр етын

Тэнащ Анатолий Мухьэдин и къуэм - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и зэдзэкІакІуэ къудамэм и редакторым

Токлуев Борисбий Мухьэмэд и къуэм - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм жэуап зыхь и секретарым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ льапІэр яфІэщын

Жылаеэ Маритэ Тамбий и пхъум - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и редакторым

Конаков Хьэсэн Азрэт и къуэм – «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм

Тикаевэ ФатІимэ Абдуллыхь и пхъум - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхмкіэ и къудамэм и специальнэ корреспондентым

Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэм - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм хьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ и къудамэм и редакторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м
№129-УГ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№111-112 (22.770) • 2014 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Улэжьэнумэ, уи псэр етауэ лажьэ

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Май районым щыІащ: «Ленинцы» мэкъумэш предприятэм, Новэ Ивановска къуажэм дэт школым, район сымаджэщым, поликлиникэм, Жьы хъуахэм я унэм, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ лагерым

А махуэ дыдэм республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм зыщигъэгъуэзащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрымрэ Курэлымрэ зэрызэрагъэпэщыж щыкІэм.

МАЙ РАЙОНЫМ лэжьыгъэм щрагъэжащ «Ленинцы» СХПК-м. Республикэм и хозяйствэхэм я нэхъыбэм щыхуэмыдэу мыбы лэжьыгъэр кІыэтещэщэжьныр кІыщагъэхъуакъым икІи Новэ Ивановскэм щыпсэу цІыху 450-рэ Іэнатіэкіэ кІыэрагъэпэщащ. Хозяйствэм щІы гектар 4000 егъэбыдыпІащ, абы щыщу гъавэ щІапІэр гектар 3200-рэ мэхъур. Предприятэм къыщалэжь хадзэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, лыр, джэдкІэр, гъэшым, консервхэм, нэкулъым къыхэщІыкІаэр. Абыхэм щІэупщІэ яІэщ. СХПК-м и унафэщІ Бердюжэ Владимир къаэзрыгурыгъэІуэмкІэ, щІэупщІэр яхуэзфІэкІым щІегъу.

ЖыпІэ хъунукъым пажьыгъэр щеЩуэкІ цехэхэмрэ абы кьагъэбыдыпІа щІыпІэмрэ нобэрей мардэхэм кІиэзагъэу, ауэ гупыр зэман хьэлъхэм хэпсэукІыфа къудейкъым, атІэ абы зеужь.

«Республикэм щыІащ предприятэхэр, я Іупльапіэхэр дахэу, зэщІэцІыуэу, ауэ кредитышхуэ къащтэу ящІарэ, щыхуэхэр мелардкІэ ятелъу икІи налог лъэпкъ ямыту», - къыхихьащащ КІУЭКІУЭ Юрий. «Ленинцы» СХПК-р гъэзгу захуэм зэрытетыр жиІэри, абы мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд пщэрылъ щищІащ республикэм щыщІэ щытыкІэм зыщигъэгъуэзу къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ хозяйствэхэр яубзыхуну.

КІуэкІуэ Юрий кІэлъыплъащ джэдылыр къыІэралъхьым, гъавэр зэрызэрахьэм, Іэщхэр щалыгъ икІи щагъашхэ комплексхэм щыІащ.

Хозяйствэм щагъэзащІэ хуэажэр зэІуэпэщ щІыныкІэ, творческэ гупхэм ядэІэпыкъуныкІэ социальнэ программэ зыбжанэ, ауэ гулъытэ нэхъыбэ хуэныкъуэщ сабий 360-рэ щеджэ хуэажэ школыр. Яхурикъуркъым пэщІэдзэ классхэм пщІэншэу иратыну учебникхэр, унэлъащІэжэр. Актовэ залыр шахпІэр здэщыІэ пэшым хэтщ. Илъэс 45-рэ ипэкІэ яухуа еджапІэр федеральнэ программэ щхьэхуэм ипкІ иткІэ ремонтыр ящІынущ, ауэ республикэми и мылъку химыльхьауэ хъунукъым.

Зыбуеину мылъкур кьагъуэтынущ, жиІащ КІуэкІуэм: «Ар Іуэхушхуэщ икІи зэфІэгъэкІын хуейщ».

Зы сменэм щІыху 380-м щеІэзэнным тещыхьа Май къалэм дэт поликлиникэм ремонт лэжьыгъэхэр щаухащ, медицинэ Іэмэпсымэщэ-кІэкІ цехэхэмрэ абы кьагъэбыдыпІа щІыпІэмрэ нобэрей мардэхэм кІиэзагъэу, ауэ гупыр зэман хьэлъхэм хэпсэукІыфа къудейкъым, атІэ абы зеужь.

«Республикэм щыІащ предприятэхэр, я Іупльапіэхэр дахэу, зэщІэцІыуэу, ауэ кредитышхуэ къащтэу ящІарэ, щыхуэхэр мелардкІэ ятелъу икІи налог лъэпкъ ямыту», - къыхихьащащ КІуэкІуэ Юрий. «Ленинцы» СХПК-р гъэзгу захуэм зэрытетыр жиІэри, абы мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд пщэрылъ щищІащ республикэм щыщІэ щытыкІэм зыщигъэгъуэзу къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ хозяйствэхэр яубзыхуну.

Зы сменэм щІыху 380-м щеІэзэнным тещыхьа Май къалэм дэт поликлиникэм ремонт лэжьыгъэхэр щаухащ, медицинэ Іэмэпсымэщэ-кІэкІ цехэхэмрэ абы кьагъэбыдыпІа щІыпІэмрэ нобэрей мардэхэм кІиэзагъэу, ауэ гупыр зэман хьэлъхэм хэпсэукІыфа къудейкъым, атІэ абы зеужь.

«Республикэм щыІащ предприятэхэр, я Іупльапіэхэр дахэу, зэщІэцІыуэу, ауэ кредитышхуэ къащтэу поликлиникэм и ремонтыр яухуну икІи цІыхухэм фІагъ зиІэ медицинэ Іуэхутхьобзэ хуащІэну. Ар зэман кІэщІым - мазиплІ иримыкъум - яхуэзфІэкІащ. Арщхьэкіэ Іэщ1ащІэлІ Іэзэхэр яхурикъуркъым. Дохутырхэм ящыщ куэд ставкитІ-щыкІэ мэлажьэ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр - дохутыр щІалэхэм папщІэ псэупІэ зэрыщымыІэрщ. Май район сымаджэщым и сабий куэдамэри хуабжьу ремонт хуэныкъуэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм чэнджэщ яритащ ирагъэблагъа Іэщ1агъэлІхэм япэ лъэхъэнэкІэ служебнэ фэтэрхэр ираты, сабий къудамэр ремонт зэращІыну мылъкур (сом мелуани 8-м нэблагъэ) кьагъэтыну.

КІуэкІуэ Юрий зригъэлъэгъуащ лъхуапІэ къудамэмрэ инфекцэ корпусымрэ. Иужьрейм шхынхэр щагъэхьэзыр и щІыпІэм и щытыкІэр хьэдэгъуэдахэщ. Ар щхьэпрыуТІыпщ ящІащ икІи капитальнэу зэгъэпэщжьын хуейщ. «Дэ ахъшэр къэдгъуэтынщ, - къыхигъащащ КІуэкІуэ Юрий, - ауэ мыбы псори щыхъэжьпхъащ. Пльгъум щыщІэдзауэ унащхьэм нэсыхукІэ». Лжьыгъэхэр мазищым кІуибыдэу зэфІагъэкІыну подрядчикхэм я пщэ иралъхьэжащ.

Жьы хъуахэм я унэр Май къалэм илъэси 10 хьуауэ дэтщ. Абы щаІыгъэм яхэтщ унэр зэраухуэрэ щыпсэуэкІэ. Зекіуэ законодательствэм ипкъ иткІэ, жьы хъуахэм я пенсэм и процент 70-р (абы и инагъым емылъытауэ) зэрыщаІыгъым щІат, адрейхэр бюджет мылъкум кьыхокІ. Палатэхэр (щІыху тІурытІурэ щІэлъщ), шхапІэр зригъэлъэгъуа, санитар-гигиенэ Іэмалхэм зыщигъэгъуэза иужькІэ, КІуэкІуэ Юрий мыбы щІэс цІыхубзхэм еупщІащ я щытыкІэмкІэ зэрыарэзыр зригъэщІэну. КъыззрыщІэкІамкІэ, псы Іуабэр кьащыІэрыхьэр зэпэуБыдаэ уэщ - сыхьэт зырызкІэ махуэм тІэу. Апхуэдэ щытыкІэм и щхьэусыгъуэр тхьэмахуэ кІуэкІым кьриубыдэу лъэныкъуэ ирагъэзынущ.

«Казачок» муниципальнэ сабий лагерым махуипщІ дэкІмэ сабий 300 зыщагъэпсэхуну кьригъэблэгъэн хуейщ. Арщхьэкіэ ар жьжьэуи абы хуэхьэзыркъым: мафІэс кьэхъуамэ хъыбар езыгъащІэ сигнализацэхэрщІыпІэ псоми щылажьэркъым, ар унэльащІэжьхэмрэ пхъэнкІийхэмкІэ кудащ, зыхуеину Іэмалхэр кьыззгъэпэщащ. Лжьыгъэхэр Кислицын А., егъэджэныгъэмкІэ куей управленэм и унэльащІэжьхэм унафэ хуащІащ лагерыр зэІуэпэщ ящІыну.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Юрий зыщигъэгъуэзащ Налшык щэнхабзэмкІэ и объектитІым - Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрымрэ Курэлымрэ - реконструкцэ зэращІ щыкІэм. Ремонт-зэгъэпэщжьныгъэ лэжьыгъэхэр инщ. Еплъыныхэр зыщІэс пэшхэр, акустикэрэ архитектурэ я лъэныкъуэкІэ зихуэдэ щымыІэхэр, илъэсипщІ бжыгъэкІэ зыхуей кьэухъэзакъым. Хъуэжьпхъащ коммуникацэ, уэздыгъэ зэрыкІуэ кІапсэ псори, унащхьэр, лъэгур, сценэм и теплъэр, щэнтжьейхэр. ЩІыбзпІэмрэ щІыхьэпІэмрэ я теплъэр зэрагъэщІэрэщІынуми егупсысыну чэнджэщ ираташ. Мыхьэнэ иІэу кьыщІэкІынщ, - жиІащ КІуэкІуэм, - творческэ зэпеуэ кьыхэлъхьэным.

ПІэщІэгъэхэр лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІынур абыхэм я фІагъым эзран хуэхъу хьунукъым. «Улэжьэнумэ, уи псэр етауэ лэжьапхъэщ», - кьыхигъащащ абы.

ОбъектитІри лажьэу яутІыпщынущ фокІадэм и 1-м - КъБР-м и Къэралыгъэум и махуэм - ирихьэлІэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Парламентым

ЩІыналъэм зэрызиужьынур зэлъытар

Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ щегъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэ КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щекІуэкІащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар** тепсэльыхьащ утыку кьрахьа Іуэхум республикэм щиІэ щытыкІэм.

- Хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ ди республикэм мыхьэнэшхуэ щагъэзащІэ, сыту жьпІэмэ, абы куэдкІэ елъытащ экономикэм и зыужьныгъэр, цІыхухэм лэжьапІэ Іэнатіэ яГуэтынкІ, псэуКІэм зегъэужьынкІ, щІэщыгъуагъ хэлъхьэрщ. Хьэрычэт Іуэхур едгъэфІэкІуэным Іэмалу щыІэр етхьэлІэн хуейщ. Къэралым и социально-экономикэ политикэр зытещІыхьар Іэмалхэр къызэгъэпэщынырщ. Кьапщтэмэ, лъэныкъуэ куэдкІэ заужьащ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ: ахэр егъэфІэкІуэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм зрагъэубГуащ, хьэрычэт Іуэхум хьихьагъащІэхэми куэд щІауэ абы елэжьхэми мылъкуКІэ защІегъакъуэ къэралым. Хьэрычэт щІапІэу 5, мылъкуКІэ хьэрычэт Іуэхум зыщІэзыгъакъуэ Іуэхущ1апІэу 3 щыІэщ республикэм. Ауэ щыхъуКІи хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ зезымыгъэужь куэди щыІэщ. Банкхэм щІыхуэ кьыІахьыным гугуеХь пыщІауэ зэрыщытыр, хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ я Іуэхуклэ республикэм и инфраструктурэм зэрызимыужьар, Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ хьэрычэтщІэхэр зэрымащІэр, ящыныкъуэхэм хабзэм кьемызэгъыу щІыхуэр зэрагъэлажьэр, - жиІащ абы.

КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къудамэ **Бэждыгъу Темыркъан** хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ хухах мылъкур бжыгъэкІэ кьиргъэнэІуащ.

- Нобэкіэ республикэм исщ хьэрычэтыщІэу 25 727-рэ. Хьэрычэт Іуэхущ1апІэхэр щолажьэ Налшык, Бахьсэн кьалэхэм, Прохладнэ, Бахьсэн куейхэм.

2013 гъэм хьэрычэт Іуэхум зегъэужьным хухахащ сом мелуан 788,2-рэ. Абы щыщу федеральнэ мылъкум сом мелуани 150-рэ, республикэ мылъкум - сом мелуан 55,6-рэ, муниципальнэ бюджетым - 19,2-рэ, сом мелуан 563-р бюджетым щымыщ Іэнатіэхэм къатащ.

Илъэс кІуам УФ-м Экономикэм зегъэужьныныкІэ и министерствэм зэхиуфа зэпеуэм ди республикэм субсидиеу кьыщихьащ сом мелуан 150-рэ. Республикэ мылъкум кьыхэкІа ахъшэр дагъэІэпыкъуурэ, арх зэрычэт ІуэхурегъэфІэкІуэным трагъэкІуэдащ. Апхуэдэу, Бахьсэн щыІэ хьэрычэтщІапІэм - сом мелуан 75-рэ мин 325-рэ, Дзэлыкъуэ районым щыІэ Іуэхущ1апІэм - сом мелуан 26-рэ мин 170-рэ хухахащ. КъБР-м и Прокуратурэм и деж кьыщыззрагъэпэщащ республикэм и хьэрычэт Іуэхум кІэлъыплъ гуп. Абы хэтщ прокуратурэм, Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министерствэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр, - жиІащ абы.

Федеральнэ налог къулыкъум и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и унафэщІм и къуэдзэ **Ажий Валерий** зэІущІэм щытепсэльыхьащ хьэрычэтыщІэхэм ятын хуей налогым щІэуэ хэлъым, иужьрей зэманым ар зэрагъэмэщІам. Апхуэдэу 2012 гъэм щІышылэм и 1 лъандэрэ хьэрычэтыщІэхэм налогыу ятыр кьалэжьым щыщу процентитхущ. 2013 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ налог тыныр патент къэщхуным хуагъэкІащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр 2014 гъэм мэкъуаугъуэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

МатематикэмкІэ экзаменыр къыІахащ

Къэрал экзамен зэгуэтхэр къыщыІах Іуэхущ1апІэ псори а махуэм лэжьащ икІи математикэмкІэ экзаменыр тным щІыху 5971-рэ хэтащ. Дэнэ щІыпІи видеокамерэхэр щыІащ икІи Іуэхур зэрекІуэкІым Интернеткіэ укІэлъыплъ хъууэ щытащ.

ЖЫП ТЕЛЕФОНХЭР зэраІыгъам къыхэкІыу щІыхуи 7-м экзаменыр ирамыгъэту къыщІагъэкІыжащ. Абыхэм аттестат кьратын папщІэ къытрагъэзэжу экзаменыр ятыну хуит щащІынур 2015 гъэрщ.

Экзаменхэр зэрекІуэкІхэм кІэлъыплъахэм нэгъэщІ ныкъусаныгъэ Іуэхум хэлъауэ кьалъытакъым.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуклэмкіэ и министертстэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хъыбарыщ1эхэр • Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

Щыгъуэ пэкІу • Малъхъэдис

ЩІыуэпсым и къабзагъэр узыншагъэм и лъабжьэщ

Дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэр илъэс къэс мэкъуаугъуэм и 5-м ягъэлъапІэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр дунейпсо жылагъуэм дызыхэпсэукІ дыкъэзыухъурееихь дунейр, щІыуэпсыр кьабзэу щытыным ехьэлІа гугъуехьэм гу лъегъэтэнырщ, кьабзагъэр псоми я щІэдзапІэу, гъащІэ узыншэм и лъабжьэу зэрыщытыр кьагурыгъэІуэнырщ.

ДЫКЪЭЫУХЪУРЕИХЬ дунейр хъумэным и дунейпсо махуэр Налшык кьалэм щагъэлъэпІащ. ЦІыхубзхэм я кьалэ советым иригъэкІыжащ «Налшык и цІыхубзхэр дыкъэзыухъурееихь дунейр кьабзэу щытыным и телъхъэщ» экологие Іуэхугъуэ. «ЦІыхубзым и гъащІэ узыншэр - жылагъуэ гонфонд узыншэм и лъабжьэщ» грант проектыр пхыгъэкІынным ипкъ иткІэ КъБР-м печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и комитетыр и щІэгъэкъуэну екІуэкІа я Іуэхугъуэм илъэситху хъуа цІыкІуэхэм кьыщыщІэдзауэ илъэс 90-м нэса нэхъыжьхэри зыхэта цІыхубзи 150-м щІигъу хэтащ.

ЦІыхубзхэм я кьалэ советым и Іэтащхьэ **Дыдэжэш Лидие** кьызэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, узыншагъэ бдзэ, насып яІэну, щІыуэпсыр фІыуэ яльагъуу гъащІэ дахэ кьагъэщІэну зэригуапэр яжриІащ икІи дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэныкІэ дунейпсо махуэшхуэмкІэ ехьэхъуащ.

Сабийхэм, школакІуэхэм, абыхэм я анэхэм, КъБКъУ-м, Мэкъумэш университетым, медицинэ колледжым я студентхэр, егъэджакІуэхэр, пенсионерхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпс телъыджэр хъумэным, ар мыуфІеиным, кьабзагъэм кьыхуезыджэ плакатхэр, ныпхэр, шар гъэпщащэр яІыгъыу Хьэтохъущыкъуей жыг хадэм и анлеж нэхъыщхьэм ирикІуащ. Абы хуагъэхьэзыра паркым и щІы Іыхьэм дежкьыщыззтеувыІэри, сабийхэм, щІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм удз гъагъэхэр, клен жыгищ щыхасащ. Налшык кьалэ дэт прогимназие №34-м и школакІуэ ныбжьыщІэ Джэш Фатіимэ иІыгъ вазэм щІыуэпсыр хъумэным ехьэлІа я гукъыдэжхэр, жэрдэмхэр кьыщыгъэлъэгъуа тхьылъымпІэ кІапсэхэр ирадзащ. Акцэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, а псори зэуІу ящІынурэ зэпыуэфащэ гъэззщІакІуэ властым и органхэм Іэрагъэхьэнущ.

Паркым зыщщызыгъэпсэху налшыкдэсхэмрэ хьащІэхэмрэ экологие щэнхабзэм кьыхуезыджэ листовкэхэр хуагъэшащ. Акцэм хэтахэм аттракционхэм и деж я нэгу зыщрагъэужьащ, фэеплъ сурэтхэр щызытрагъэхащ.

- Дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэр Сабийхэр хуэныкъуэм и махуэр щагъэлъапІэ декадэм зэрыхиубдари гуапэщ. Дыкъэзыухъурееихь дунейр, щІыуэпсым и кьабзагъэр тхъумэкІэрэ, кьэкІуэнур зей сабийхэм я узыншагъэри дохъумэ, - кьыхигъащащ цІыхубзхэм я кьалэ советым и Іэтащхьэ Дыджэш Лидие.

УАРДЭ Женя.
Сурэтыр тезыхар **Мамий Русланц.**

Мы махуэхэм

Мэкъуаугъуэм и 7, щэбэт

♦**Алтай Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
♦1881 гъэм Пушкин Александр и фэеплъ Москва къыщыззІуахащ.
♦1936 гъэм КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ и республикэ комитет къыззрагъэпэщащ.
♦Тыркум щыщ адыгэ тхакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Памукъ Орхан** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Драматург, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **Хъурмэ Хьусен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Тэтэр Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьэнущ.

Мэкъуаугъуэм и 8, тхьэмахуэ

♦**Хыхэм я дунейпсо махуэщ**

Мэкъуаугъуэм и 9, блыщхьэ

♦1883 гъэм Москва тхыдэ музей къыщыззІуахащ.
♦1935 гъэм Іуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкІащ.
♦Япэ урыс император **Пётр Езанэр** (1672 гъ.) къыщалъхьуа махуэщ - Санкт-Петербург кьалэм и махуэшхуэщ.
♦Йордан Хьэлимыт къэралыгъуэм и пащтыхьу Абдалла ЕтІуанэр зэрыуврэ илъэс 15 ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Чым Агнессэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэщ1э здэщыІэм хэгъэрей щыІэщ.

Гу зылъытапхъэ

Лъапсэрых зауэжьыр адыгэхэм ящыгъупщакъым

Ди газетым зэрытетащи, Лъапсэрых зауэжьыр (1763 - 1864) илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ Тыркум щыІэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм накъыгъэм и 24-м Истамбыл щригъэкІуэкІа щыгъуэ пэкІум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа лІыкІуэ, журналист гуп. Хэзэсхэм я щІэблэ минипщІ бжыгъэкъэ кьрихьэлІэу Истамбыл къыщыззрагъэпэща зэхуэсыр зэрекІуэкІам, жаІахэм теухуа тхыгъэхэр итщ 4-5-нэ напэкІуэцІхэм. Илъэси 101-кІэ екІуэкІа лъэпкъгъэкІуэд зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр хэхэс адыгэхэм зэрахъумэм, нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхэмышыпсыхьыжьын папщІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэм, лъэпкъыпІ нэсхэм я фІыгъэкІэ адыгагъэр хъума зэрыхъум теухуа хъыбархэм зыщывгъэгъуэзэну Іэмал фиІэщ.

Щыналъэм зэрызиужьынур зэлъытар

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

КъБР-м и прокурорым хабзэубзыку, гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ ядэлажьэныжьмкІэ и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжь Мэлей Ксение тепсэлъыхьащ къаІэта Іуэхугъуэм екъэлІауэ прокуратурэм и нэІэ зытригъэтхэм.

- Хьэрычэт мащІэмрэ курыт щыпсы пащІэхэм я хуитыныгъэр хъунэмкІи гулъытэ хэха иІоу республикэм и прокуратурэм. Ди сайтым кІыщІэзІутхащ хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэр хъунэмкІи теухуа Іыхьэ. Апхуэдэу кІыэзэдгъэпэщащ хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъунэмкІи телажьэ гуп. 2013 гъэм кІуриубыдэу прокуратурэм кІыщІигъэщащ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ екъэлІауэ хабзэхэр кІыэзэпызыдІуэхугъуэу 30-м нэс, - къэнэфащ Мэлей.

- УегъэгуфІэ иужьрей илъэсхэм къэралым хьарзынэу хьэрычэтыщІэхэм защІигъакъуэ зэрыхьуам. Абыхэм гъэзгуетын хуейщ. Къэдрэ урохьэлІэ хьэрычэтыщІэхэр къэрал Іуэхугъуэм Іуамыгъэхьэу, лъаІуэу щыІуагъэт. Апхуэдэ кІыщІыхуащ Бахьсэн, Аруан куейхэм. Сэ сыщыхьэтщ, щапхъэхэри къэхъыкІыпщ. Ящыныкъуэ кІулькІуэщІэхэм ягурыгъэІуэн хуейуэ кІыэлъытэ жуэаплныигъэ гуэр зэрахьыпхъэр.

Хьэрычэт Іуэхум теухуа зэпеуэжэр нэхъыбэу кІыэзэгъэпщІпхъэщ. Псом хуэмыдуэу абы хыхьагъащІэхэм папщІэ. Гу лъыстащ Налшык щекІуэкІа апхуэдэ зэпеуэжэм щІалэгъуалэр Іуэхум зэрыдгурісэхьэкІыр. ХьэрычэтыщІэхэм я сэбэпныгъ кІуэд іокІ республикэм и экономикэм. Ар зыщІыдымыгъэІупщащ. ДрилІэ нэхъыщхьэу щытын хуейр мыпхуэдэ зэІуущІэхэм кІыщыштщэ унафэхэр, чэнджещэр дгъэзэщІэнырщ, - щІыжмІащ Налшык къалэ и хьэрычэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Губэщ Іыкі Жантемыр**.

Хьэрычэт Іуэхум зегъэужьыныжмкІэ «Урысейм и щІэгъэкъуэн» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кІудамэм и унафэщІ **Къыльшыкъуэ Альберт** тепсэлъыхьащ я зэгухьэныгъэм и зэкІэІкІэхэм.

- «Урысейм и щІэгъэкъуэн» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ кІудамэм хэтщ езыхэм я гупыжкІэ хыхьаеу щІыху 55-рэ. ХьэрычэтыщІэ ныжьыщІэхэм ди чэнджещ зэхах, щапхъэ идогъэльагъу, тхьэмахуэ къэс зэгухьэныгъэм хэтхэм Іуэху зэІумыбзэжм дыщытепсэлъыхь зэІущІэ идогъэкІуэкІ. Хабзэубзыку, гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэм дадолажьэ.

Егъэлеяуэ дегъэгугъэщІ зы Іуэхугъуэм: къалэм щыІэ бззэрэхэр уней уэ зэрыщытым къыхэкІыу бзджэнд уасэ тын хуей мэхъу, а уасэм кІуэ пэтми хохьуэ. А бззэрхэм щолажьэ къыхэчэтыщІэ мин 13 - 14-хэм нэблагъэ. Абыхэмэ я Іуэхур иокІакІуэ. Цыхуу щахуэр мащІэщи, хьэрычэтыщІэхэр бззжэнджпщІэм пэлъэщжкыркъым, - жиІащ Къыльшыкъуэм.

ЗэІуущІэм хэтахэм хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ егъэфІэкІуэныжмкІэ республикэм щыпхъэмыгъэхэм теухуа унафэхэмрэ чэнджещэмрэ къащтащ. Апхуэдэу, хьэрычэтыщІэхэм мыпхукІэ, чэнджещІэ защІэгъэкъуэнри, щІалэгъуалэр а Іуэхугъуэм драгъэхьэхьи папщІэ зэпеуэжэр егъэкІуэкІыныр, хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэр хъунэмкІи гулъытэ хуэщІыныр икІэщІыпІэкІэ зэлэжьыпхъэхэм щыщу къалъытащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 8-р ЩэкІ зэІуущІэхэмрэ промышленность псынщІэм и лэжьакІуэхэмрэ я махуэщ

И чэзум егугъуамэ...

Мы махуэр гъэлъапІэн хуейуэ ягъэуващ 2000 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м. Абы и пэкІэ, ящыкІэ хуэдэу, мэкъуауэгъуэм и етІуанэ тхьэмахуэм я1эту щытащ промышленность псынщІэм и лэжьакІуэхэм я махуэр.

МЫ Іэнатіэм щагъэхьэзыр щІыхуэхэр махуэ къэс зыхуэзыныкъуэ хьэпшыпхэр: щыгІыныхэмрэ вакъэхэмрэ кІыщыщІэдзаеу, мастэхэмрэ Іуданэхэмрэ щыщІэкІыжу. А Іэнатіэм щолажьэ цІыху мелуанитІым щІигъу. Абыхэм ягъэхьэзыр ерыскъыхэкІыу щымыІэхэу кІыщІагъэкІ псом я процент 40-м нэхъри нэхъыбэр. Промышленность псынщІэм увыпІэшхуэ щеубыдэ СНГ-м хэт къэралхэм я зэпыщІэныгъэхэм. Ахэр зэпымыуэу зохъуажэ хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ.

Пэжщ, ижь илъэсипщІэхэм промышленность псынщІэр гулъытэншэу къагъэнащ. Иджы абы бжьыпхэр щызыІыгъэр къэралракъым, атІэ хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэмрэ Іуэхугъуэм щІыкІуэмрэщ. Урысейхэм нэхъыбэу яльагъур нэгъуэщІ къэралхэм (псалъэм и къэтыркІэ, Китаймрэ Тырэкумрэ къэрахъэхэр). Ар іэтыгъэ мы ильэс щыгъуитІым зэрыгъэкІуэкІ политикэм. Ахэр ди дежи зыгъэхьэзырыфІныкъэ? Ауэ сытми! Іэмал ет къудей. АрщхьэкІэ...

Жьыжь дыкІуэнкъым, къэтщтэнщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Зэгуэр ар Кавказ Ищхъэрэм и промышленность псынщІэм и іуэхьэру къэпльытэ хъуну щытащ. Хьэблэшхуэ дыдэм зи цІэ фІащэ «Искож» комбинатым фэ Іэрыщ ирагъэщэрт Урысейм и щІыпІэ ІахьэмкІэ мэзакъуэу, нэгъуэщІ къэралхэми. «Дружба» комбинатым щада пІэпэдзэр - УФ-м и дэнэ щІыпІи, «Горянка» фабрикэм и алэрыбгъуэр Москваи щыпІгъэгурт. Налшык дэта дзрбзэр фирмэшхуэр-щэ? А псори тхыдэм кІыхьэнэжа хуэдэщ. Щыхьэрми, районхэми, кІуэажэхэми ХьэпшыпІ зэмылІэужьыгъуэхэр щащІ Іэнатіэхэр щыужьыхьажщ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, Куба кІуэажэм дэтащ вакъэ фабрикэ мыщІыкІу - цІыху 300, ящыныкъуэхэм дежи нэхъыбэ щылажьэу. КъыщІагъэкІри хьарзынэу икІыу щытащ. Къуажэм дэстэкІым Іуэхуншэ - зыкъомыр колхозым, адрейхэр фабрикэм щылажьэрт, улахуэ тэмэм яІэу. Иджы а фабрикэм щыщу къэнар гуькъэкІыжщ. ЗэхъуэкІныгъэ мыифэмыцхэм я зэманым апхуэдизу мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ ІапІэр зэхуэщІыжащ, пэжжьагъуэкІэ «хуит» хъащ. Унитіэр - зыр тІуэ, адрейр щыуэ зэтету - зы сыхьэтым зэинтщу къэнащ. Пэжу, ящэр цІыхуэхэм псэуныгъэмкІэ и район департаментым и унафэщІым (Къэнэмэт Юрислам) и фІыгъэкІэ зэрагъэпэщыжри, Іуэхущ ІапІэ дзгъуэ хъуащ. Ауэ къатищу зэтет унэр бомбэкІэ якъутам хуэдэу Іуплъэгъуейуэ къуажэм и курыкупсэм итщ.

Сыт ар щІыжьтІэр? Зы щхьэусыгъуэ закъуэ дгъэбелджылын щхьэкІэщ: зи гугъу тщІы лэжьапІэкэр зэманым декІу Іэмэпсымэщ Іэхэмкі я чэзум кІэзэрагъэпэщамэ, республикэм и промышленность псынщІэм ноби бжьыпэр иІыгъынут. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы Іэнатіэм кІыэзэрыщыжщ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, мащІэуц.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● ЩІэ

Лъэпкъ дамыгъэхэр

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Къармэхьэблэ жылагъуэм игъащІэ лъандэрэ щыпсэухэм я лъэпкъ дамыгъэу 88-рэ щыІэзэхуэхьэса тхылъ.

МЫ ДАМЫГЪЭХЭР пасэ зэманхэм уней Іэщхэм, унагъуэм хъащІагъэсэбэп хьэпшыпхэм, куэбжэхэм, мывэ сынхэм традзэрт. АбыхэмкІэ зэхагъэкІырт хэт сыт хуэдэ лъэпкъ кІыхэкІами. Ущрэ унагъуэхэм яІыгъ ушІэри абыхэмкІэ ягъэбелджылырт.

Лъэпкъ зыбжанэм я дамыгъэ щыІэзэтехуи куэдрэ урохьэлІэ. Ар и щхьэзэтІ адыгэм дэ гупсысэкІэ, дуней епІныкІэ щхьэхуэ дыІэзриІэм. КъимыдзкІэ, куэдрэ къэхъащ, лІыщІэхэр хуит хъужа нэужь, а зыкъэІыщІэу щыта уэрхъэм я дамыгъэр кІыщащтэ. Ещхьыркъабзэу, зы лъэпкъым дамыгъэ зэхуэмыдэу пщІы бжьыгъэхэр щІэзрахьаи щІыІэщ. Ар лъэпкъышхуэу щытмэ, абы кІэтепщІыкІ щІэблэр унагъуэ зэпэщхьэхуэу ТІысыжырт, езыхэм я дамыгъэ хэхаи яІэжу. Ауэ апхуэдэхэм сыт хуэдиз дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къащтами, кІыызытехьэкІаэхэм зэрахьа закъуэм и лъабжьэр зэрахьэмэным хэтт, зэхъуэкІныгъэ мащІэ тІэкІу ирату аркъудейт. Абы иджыри зэ наІуэ къытщещІ адыгэ лъэпкъэр зэкъуэту зэрыщытар».

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Сабийхэр хъунэным и дунейпсо махуэм

Хуэныкъуэм - хуэупсэ

Бахьсэн къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым, Сабий творчествэмкІэ центрым, «Зэкъуэтныгъэ» сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэм зэгъусэу «Сабийхэм гуфІэгъуэкІэ яхуэупсэ» псапащІэ Іуэху ирагъэкІуэкІащ.

ІУЭХУМ и къыззгъэпэщакІуэхэр щыІащ къалэм щыпсэу бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хэмыщІакъэм я деж, икІи сабийхэм тыгъэ хуащІащ зэхуэхьэса щыгъынхэр, тхылъхэр, зэрыджэгу къэпшыпхэр, ІэфІыкІэхэр.

Апхуэдэ Іуэхур хуэунэтІащ сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пщІэр къэлэтыным, щІэблэм гъащІэм и ІэфІыр зыхащІэу къэгъэхъуным.

ДРОГУЭ Артур.

ЩІэблэр гугъапІэщ

Сабийхэр хъунэным и дунейпсо махуэм хуэгъэпсауэ республикэм щрагъэкІуэкІа зэІуущІэхэм хэту Бахьсэн районым хьыкъ Бахьсэненкэ къуажэм «Дунейр зейр сабийхэрщ» фІэщыгъэщІэр зиІэ зэхьыхэ къыщыззрагъэпэщащ. Абы хэтащ сабий 200-м нэблагъэ.

РАЙОНЫМ и къэфакІуэ, уэрэджьакІуэ гупхэр жьыджэру утыкум итащ. «Огни Кавказа» ансамблым хэт сабийхэм я зыкъэгъэльэгъуэкІэм къызэхуэса псори дихьхат. Концерт нэужьым сабийхэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуащ зэпеуэ зэхуэмыдэжьм, спорт зэхьэзэхуэсэм.

Ящыгъупщакъым а махуэм сабий ныкъуэдыкъуэзэри. Бахьсэн район администрацэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и управленческэмрэ зыззыщІагъакъуэри, апхуэдэ щыкІуэм папщІэ Хьэтіохъущыкъуей дзт курыт школ №3-м тауряхъ лІыхъужьхэр зыхэт театр теплъэгъуэ щагъэльэгъуащ.

ЗэІуущІэм и кІуэ сабийхэм, шар щхьэхъэпльыкІэхэр уафэм драутІыпщІегщ. Махуэшхуэм хэта сабийхэм ираташ ахъэ щыщІигуфыкІын гуэркъэ. Ахэр къащІащ «Сабийхэм ядэІэпыкъуну жэрдэм зиІэхэр» фІэщыгъэм щІэту районым щагъэжьІуэкІа псапащІэ Іуэхум къыхэкІа мыпхуэкІэ.

АБАЗЭ Лерэ.

МафІэсым щахъумэ

КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжмкІэ и къэрал Іуэхущ ІапІэм, республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм сабийхэр куэду щызэхуэсыну республикэм и гъэмахуэ зыгъэпсэухуІэхэм, санаторэхэм, нэгъуэщІ Іуэхущ ІапІэхэм мафІэсым зыщыхъумэныр къыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІынущ.

КУРЫТ еджапІэхэмрэ псэупІэхэмрэ мафІэс къыщымыгъэхъунымкІэ сабийхэм драгъэкІуэкІынущ мафІэсым зыщыхъумэныжмкІэ хабзэр умыгъэзащІэмэ мафІэм насыпышащэ къыщэнкІэ зэрыхьунум, апхуэдэ къэмыгъэхъунымкІэ гу зылъытапхъэхэм ятеухуа псалъэмакъэр. Лекцэхэр, псалъэмакъэр, зэпеуэжэр, викторинэхэр, республикэм и мафІэс частхэм зыщапльыхьын Іуэхугъуэхэр къызэщІэзыубыдэ апхуэдэ лэжьыгъэр илъэс къэс ирагъэкІуэкІ. КъыщынэмыщІауэ, мафІэс къэхъу хьужьыкъуэмэ, а щІыпІэр къызэрызэранэкІыным хуагъэсэ. Къыхэдгъэщыщи, университетым и студентхэм, ди щІыналъэм и мызакъуэу, гъэмахуэ сабий лагерхэм вожатэу щыІэнхэм хуэунэтІа лэжьыгъэри зэфІагъэхІащ.

МафІэс частхэм зыщыщапльыхьэ езы ныбжьыщІэхэм я нэкІэ яльагъунущ мафІэсгъэужькІыфІхэр зэрыщагъэхьэн, хуей хъумэ, дэІэпыкъуэгъу хъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр. МафІэ лыгъэм пэщІэтхэм я кьалэныр зэрырахьэкІым, мафІэсыр щагъэнэкІыфІкІэ, аварие-къеГэлакІуэ Іуэхугъуэхэм къыщагъэсэбэп техникэм, мафІэсым пэщІэтхэр зэрызэщІэуэздам сабийхэр щыгъуэазэ ящІынущ.

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжмкІэ и къэрал къулыкъум и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Алыдж

Щомахуэмрэ Пхытіыкіымрэ къахутэ

Алыджым и Салоники къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ «Урысыбзэмрэ абы и зэдзэкІыным пыщІа щэнхабзэмрэ» фІэщыгъэм щІэт щІэныгъэ конференц.

ПЕЧАТЫМРЭ цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ федеральнэ агентствэм, Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием Зэдзэкіныгъэхэмкіэ и институтым, УФ-м и Консультэ нэхъыщхьэу Салоники къалэм щыІэм, Урысей Федерацэм посольствэм щІэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ и центрым зэгъусэу къыззрагъэпэща зэІуущІэм гулъытэшхуэ щигъэтащ Бэрэ Хьэпіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор Щомахуэ Татьянэрэ кафедрэм и егъэджакІуэ Пхытіыкі Хьэутийрэ утыку ирахьа я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. «Шумер-аккад, ассир-вавилон, хьэтхьет - адыгэ зэтехуэныгъэхэр зэдзэкІынныгъэхэм къыззрыхэщыр», «Хьет - адыгэ зэтехуэныгъэхэр эмаиамрэ щІыпІэмрэ зэрелъэта щІыкІэхэр» фІэщыгъэм щІэту дэ дгъэлъэгъуа къэхутэныгъэхэр зэІуущІыу дуней псом щыщІын хуейуэ Іуэху гъуэщ. Сыту жыпІэмэ, зы гугъу тщІы Іэрытхэр ди эрэм и пэкІэ III-IV лІэщІыгъуэхэм хеубыдэ. Псом нэхъ гъэщІэгъэну дунейпсо щІэныгъэлІэхэм ящхьэуар а зи гугъу тщІа бзэ зэлъытныгъэхэм адыгэ-шэрджэсыбзэри зэрыхэдгъэхьаращ икІи абыхэм я зэхуэныгъэ къудыр сэтей къыззрыгъащІарщ», - жеІэ Щомахуэм.

Конференцым къыщалъытащ ди республикэм икІа щІэныгъэлІхэм къыхэкІыжа Іуэхур иджыри къэс зыри зыщымыгъуэза Іуэху еплъыкІэщІэу зэрыщытыр икІи а къэхутэныгъэхэм къыпыщэн зэрыгъэкІуэкІ.

Алыджым щекІуэкІа конференцым хэтащ Испанием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Италиеми, Франджым, Японием, Израильм, Финляндиеми, Болгариеми къикІа, дунейпсо щІэныгъэ зиІэ щІэныгъэлІхэр. Щомахуэмрэ Пхытіыкіымрэ къызэрыгъэльатамкІэ, тхыгъэжь дыдэхэр зэрытха бзэр кІуэдыжакъым. Ар Іурылъщ ди адыгэ лъэпкъым.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Тхылъымрэ цІыхубэмрэ

Налшык къалэ и тхылъ хъумапІэ нэхъыщхьэм щагъэлъэпІащ Библиотекэхэм я урысейпсо махуэр.

ШЭНХАБЗЭМКІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Бачиевэ Аминэт зэІуущІэр къыщызэІуихьащ иджырей технологиещІэхэм тхылъ хъумапІэхэм я лэжьыгъэм къыхалъхьа зэхъуэкІныгъэхэмрэ ахэр тхылъеджэхэм къагъэсэбэпа зэрыхьуну Іэмалхэмрэ. Апхуэдэу Бачиевэмрэ зэІуущІэм къарагъэблагъэ, тхылъ къыдэзыгъэкІ Котляров Викторрэ и гугъу ящІащ зыуэ щыт библиотекэ системэ инэм къегъэщІылІа адрей къудамэхэм я лэжьэкІэм, я ехъулІэныгъэхэм, щІэуэ къыгъэсэбэп Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм.

ГуфІэгъуэ зыхьыхьэм и псалъэ къыщыІуащ тхылъыр фІыуэ зыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Шинкаревэ Наталье. Абы къызэхуэсахэр щыгъуэзэ ищІащ я обществэм нобэ иІэ тхылъ гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдэмрэ и инагъымрэ.

«Шэху уэздыгъэ» литературэ студием къыбгъэдэкІыу щыхьэрым дэт библиотекэ нэхъыщхьэм тыгъэ хъыхьащІащ лэжьакІуэхэр зыщыгъэфІыкІа тхылъ куэд. КъыщынэмыщІауэ студием и гъэсэнхэр зэхуэсащ, поэмэхэм дахащІу къеджакъэщ икІи псоми я1ырыльагъу щащІащ сыт хуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр ди Іуэхум щыщІыхьуами цІыхуэхэмрэ тхылъхэмрэ зэфІэкІуэдыпІэ зэрамыІэр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ

Ди гуапэ мыхъуу къанэрхъым ди щІалэгъуалэр еджэным зэрыдихьэхыр щІэзэхэпхъе и деж. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр куэду диІэмэ, щэч хэлъхъым Іэщіагъэлізэм дазэрыщымыщІэным, абы хэм я сэбэп къэралми республикэми зэрекІынум.

ЩІэбЛЭМ щІэныгъэм гу щыхуищІыр курыт еджапІэрщ. Зы гугъу фхуэтщІыну Быгуэ Лианэ зыщеджар Щэджэм 2-нэ къуажэм дэт 3-нэ еджапІэрщ. Абы биологиемкІэ, химиемкІэ, тхыдэмкІэ, щІыуэпсымкІэ, географиемкІэ, дунейхэгъуазэмкІэ, спорт зэхьэзэхуэхмкІэ районым, республикэм, урысейпсо зэпеуэхэм бжьыпэр мызэ-мытІэу щыубыдыфащ Къыхэгъэщыпхъэщ Лианэ и адэ-анэ Мухьэмэдрэ Сонярэ я бынхэр адыгэ хабзэм зэрыщІалІыкІыр, анэдэлькъубзэр яІуплъу къызэрагъэхуэу. Ди и щыхьэтщ Лианэ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ хуэхахуэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм щытекІуауэ зэрыщытар.

Иджыпсту Лианэ щоджэ УФ-м и Правительствэм деж щІэ финансхэмкІэ университетым (Москва). Адыгэ пщащэр зэрыякъылыфІэм, зэрыгубзыгъэм, щІэныгъэм зэрыхуэнэхуеиншэм щогуфІыкІ и адэ-анэри, егъэджакІуэхэри, зыщІащ ІупІэкъри.

Ди гуапэщ Лианэ и зэІэкІэхэм нэхъри хигъэхъуэну, ди къэралыр зэрыгушхуэ щІыху я1ыщІыкІыну.

КІЫЩ Светланэ.

● ХъыбарегъащІэхэр

Инджылызыбзэр зэвгъащІэ!

Гъэмахуэ мазэхэм лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щІэтІысхьэнуэр мэкъуауэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр ильэси 8 - 14, ильэс 15 - 18, ильэс 18 - 21-рэ хуэхъум ятещІыхьауэ къыззрагъэпэщынущ.

ЕДЖАПІЭМ къекІуалІэхэр гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкІэ псэльэфу, кьеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур ильэс 30-кІэ США-м егъэджакІуэу щыІащ.

ЕгъэджакІуэ ящыбзэр зэримащІэм къыхэкІыу школым щІагъэтІысхьэну ятхэхэр адыгэбзэ зыщІэхэрщ.

Телефоныр: **8-967-417-78-85**.

Щоджэнщ ІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2014 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм мы спектаклхэр щагъэлъэгъуэнущ:

Мэкъуауэгъуэм и 10-м:
Галин Александр «БлэкІам къэгъаэз иІэхъым»
(Трагикомедие)
Премьерэ

Мэкъуауэгъуэм и 11-м:
Галин Александр «БлэкІам къэгъаэз иІэхъым»
(Трагикомедие)
Премьерэ
Театрым и унафэщІыр Пащты Иринэщ.
ЩыщІидзэр сыхьэт 19-рщ.
УпщІэ зиІэхэр мы телефонэмкІэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-89**

● Дзюдо

Чемпионатым кІуэнухэр къыхах

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм дзюдомкІэ и чемпионатыр нобэ Налшык и Универсальнэ спорт комплексым къыщыщІэІуах.

МАХУИТІКІЭ екІуэкІыну зэпеуэм цІыхухэр, цІыхубзхэу спортсмен 400-м щІигъу хэтынущ. Абы къыщыхахынущ фокладэм и 10 - 15-хэм Ханты-Мансийск щекІуэкІыну Урысей чемпионатым кІуэнухэр.

Мэкъуауэгъуэм и 7 - 8-хэм КъБР-м и спортсмен 40 утыку къихьэнущ. Зэхьэзэхуэр нобэ сыхьэти 10-м къыщыІуахынущ.

КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Футбол

КІэух зэхьэзэхуэр къапоплъэ

КъБР-м футболымкІэ и щІалэгъуалэ командэ къыхэхар щытекІуащ Крымск къалэм щекІуэкІа Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм я спартакиадэм.

ХЬЭНЦЭ Асльэнбэч зи тренер нэхъыщхьэ ди командэ къыхэхар «Спартак-Налшык» и щІалэгъуалэ гупыр и лъабжьэу зэхагъэуващ. Абы хагъэхьащ республикэм и районэм щыщ футболист ныбжьыщІэхэри.

Команди 6 зыхэта зэпеуэм и кІэух зэІуущІэм бжьыгъэ 3:1-уэ Ставрополь и гупым щефІэкІри, ди командэм текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ. Топхэр дагъэкІащ Апажэ Чэрим, Ольмезов Артур, Шыгъэлыгъуэ Алим сымэ. Гъуащхьэтет Идигов Рэмэзан къыгъэльэгъуа зэфІэкІым гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ.

Ди футболистхэм зыІэрагъэхьа текІуэныгъэм фокладэм зэхэтыну Урысей Федерацэм и чемпионатым и кІэух зэхьэзэхуэм КъБР-м и щІыхьыр щахъэмэну Іэмал къаритащ. Ари щекІуэкІыну Крымскиз.

Іуэхугъуэ гуапэм теухуауэ щытащ Налшык къалэ дэт Сабий стадионым щекІуэкІа СМИ-м и лІыкІуэхэмрэ футболист ныбжьыщІэхэмрэ я зэІуущІэр. Пресс-конференцыр иригъэкІуэкІащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Двуреченский Анатолий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Хьэнцэ Асльэнбэч КъБР-м спортымкІэ и министерствэм закъызэрыщІигъакъуэм, ныбжьыщІэ футболым республикэм зыщІиужьыным хуищІ гулъытэм папщІэ фІыщІэ хуиІащ. Къыхихыгъэщащ гугъэфІэхэр зэрах, къару зэпхьэлІэн топджэгу щІалэщІэхэр зэралэр.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

«Шагъдийм» и япэ текІуэныгъэ

Республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм мы гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм Зеикъуэ и «Шагъдий» командэм япэ текІуэныгъэр къыщихьар епщыкІуэанэ джэгугъуэращ. Абы и фІыгъэкІэ ар иужь дыдэ увыпІэм икІащ.

ЗЕИКЪУЭДЭСХЭМ бжьыгъэшхуэкІэ хагъэщІащ Щэджэм ЕтІуанэм икІахэр. Абы щыгъуэми «Іэдиихум» аргуэру фІахьэхуащ икІи «Шагъдийм» иджыри къэс иІыгъа иужь увыпІэм ар екІуэтэхащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм япэ увыпІищыр щыІыгъ командэхэр аргуэру текІуащ. «Къэхъуныр» Налшык щыІэу «Союз»-м ефІэкІащ. «Автозапчасть»-м и «Прохладнэ»м щхьэ хэлъэтыпІэ къудей иритакъым, топибл хуиІгъэкІри. «Кэнжэри» Налшык и «Спартак-Д» гуп зэкъуэтым пэлъэщащ.

Нэгъабрэй зэпеуэм щытекІуа Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р мы гъэм ебланэу хагъэщІащ. Иджы абы ефІэкІащ Шэрэдж Ищхъэрэ икІа «Къэбэрдей».

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэм и зэІуущІэ нэхъыщхьэу щытынущ Къэхъунрэ кІуаужь щекІуэкІынур. Абы щызэпэщІэуэнущ мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъ хэгъэрейхэмрэ къэхъундэхэм къакІэлъэІэ Бахьсэн и «Автозапчасть»-мрэ. Ар гуащІэу зэрекІуэкІынум шэч хэлъкъым.

ЗэкІэ щыгъуазэ фхуэтщІыну Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и иужьрей джэгугъуэм кърикІуа бжьыгъэхэм: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - **4:3**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **5:3**, «**Анзорей**» (Анзорей) - «**Іэдиихэ**» (Іэдиихэ) - **3:1**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - **4:0**, «**Автозапчасть**» (Бахьсэн) - «**Прохладнэ**» - **7:0**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **2:4**, «**Бахьсэн**» (Бахьсэн) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **1:2**, «**Союз**» (Налшык) - «**Къэхъунр**» (Къэхъунр) - **1:2**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **3:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Къэхъунр»	11	9	0	2	47-18	27
2.	«Автозапчасть»	10	8	1	1	32-10	25
3.	«Кэнжэ»	10	8	1	1	33-5	25
4.	«Велес»	11	7	2	2	24-24	23
5.	«Спартак-Д»	10	6	2	2	33-17	20
6.	«Тэрч»	8	6	0	2	18-10	18
7.	«Союз»	10	5	1	4	28-23	16
8.	«Бедик»	10	5	0	5	27-31	15
9.	«Къэбэрдей»	10	5	0	5	24-19	15
10.	«Прохладнэ»	11	4	2	5	24-26	14
11.	«Нарт»	10	3	3	4	26-23	12
12.	«Анзорей»	10	3	0	7	21-34	9
13.	«Шэджэм-2»	11	2	2	7	11-37	8
14.	«ЛогоВАЗ»	10	2	1	7	16-31	7
15.	«Бахьсэн»	10	2	0	8	14-29	6
16.	«Шагъдий»	11	1	3	7	18-28	6
17.	«Іэдиихэ»	11	1	2	8	9-40	5

Зэи тщыгъупщэнукъым

И ныбжьыр илъэс 78-м иту дунейм ехьжащ ПщыхьащІэ Абдулыхь Тыкъэ и къуэр.

ПщыхьащІэ Абдулыхь 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Кълъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм къащІалъхуащ. И сабиигъуэм щыщІэдзауэ Іимамхэм я зэгухьэныгъэм и унафэм щІэту ислъам диным хуеджакъэм ящыщу. Совет лъэхъэнэм ипэжыпІэкІэ мусулъмэн щІэныгъэ зэгъэзэгъэныр диныр щыщІэкІуэ унагъуэм и деж кІи гугъуу щытащ. ЗэхъуэкІныгъэхэм я илъэсхэм ар игъэзэкІуэжьну хуэпІащІэу ПщыхьащІэр япэу Налшык къыщыІэзІуаха мыдрисэм щеджащ. 1993 гъэм абы къалэ дин лэжьакІуэ гупым зыщригъэтхри, Іимамым и дэІэпыкъуэгъу хъуащ.

Урысей Федерацэм Мусулъмэнхэм я дин Іуэхущ ІапІэм и зэзыгъэуІуцентр нэхъыщхьэм къызэригъэпэща курсхэр 1995 гъэм и щыщхьэІуэм къыхури, 1998 гъэм и ГъатхэпІэ мазэм нэсыху Налшык дэт «Нур» мэжджитым и Іимаму лэжьащ.

ПщыхьащІэ

● Лъэпкъым и щIэблэ

Гупсысэм Iуэху дахи къыкIэлъокIуэ

Хэкур къыдоджэ

ЩIэблэ гъэса зиIэ лъэпкъыр мэунэ. Адыгэ лъэпкъым и нэгу щIэкIащ гуауэ, ильэгъуащ гъащIэр лъэгум зэрыщIэкIуКI щIыкIэр. Дуэ итIани зиIыгъ - щIэблэ игъаеэрт... Зэманым дунейм трипхъа адыгэхэр зэпащIэ бзэмрэ хабзэмрэ. Аэращ абы и къулеигъэ нэхъыщхьэр. Гъэуэгуэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ щы зэхэкIауэ щыта щIыпIэм щызэхуэсыжащ лъэпкъ уардэм и щIэблэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Адыгеим, Краснодар щIыналъэм, Абхазым, Сирием, Иорданием, Туркым, Хьэрым Эмират Зэгуэтхэм, Палестинэм, США-м щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэу ныбжьыщIэ 56-рэ хэтащ адыгэ щIалэгъуалэм я япэ зэхуэсым.

Лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжьнымрэ трауХуащ Налшык щекIуэкIа зэхуэсыр. КъБКъУ-м щытепсэлъыхьащ лъэпкъым иджыпсту иIэ щытыкIэм, адыгэ хабзэр хъумэнымкIэ щIалэгъуалэм яхуэзэфIэкIынум. КъБКъУ-м и ректорым и псалъэм къыхигъащиу мы зэхуэсыр Iуэху дахэ куэдым пэублэ яхуэхъуну зэрыщыгъыр, зэхуэсахэр зытепсэлъыхьынум щIалэгъуалэр жэуапыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэмэ эзэригуапэр. Ректорым фIыщIэ яхуищIащ зи лIыкIуэ республикэм къэзыгъэкIуа Щэрджэс псапащIэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. КъБР-м и федеральнэ инспектор Канунников Владимир кьеджащ УФ-м и Президентым и полномочие нэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм къитIэхьа тхыгъэм.

- УегъэгуфIэ дуней псом и плIанэпIэ зэхуэсымдахэм къыкIа щIалэгъуалэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэр зэIущIапIэ зэрахуэхъуам. Абы къегъэлъагъуэ экономикэ, щэнхабзэ, псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зэрызэдужьыр. Зэпымыуэ йофIакIуэ лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэри. Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолытIэ адыгэ щэнхабзэ къулейр къэгъэщIэрэщIэжьыным зэхуэсым зэтхэм гухьэтэ зэрахуэщIым. Кавказ Ищхьэрэм и пщIэр зыIэтщ мыпхуэдэ зэIущIэхэр, икIи ахэр щIэхьщIэхьурэ ирагъэкIуэкIыныр хабзэ дахэ хуэну сфIэтэмэмщ, - къыщыхэщащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэжIуэ Юрий зэхуэсым хэтхэм зэрызахуигъазэм кьеджащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Битокъу Владимир.

Зэхьыхьэр мыхьэнэ зиIэщ къэрал зэмылIужьыгъуэхэм я щIалэгъуалэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныжьмкIэ, лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэр щIэблэм зыхеГъэльхьэным теухуа Iуэху пыухыкIахэр утыку къырахьэнымкIэ. Адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ диIэным. Зи гупсысэр бзыгъэ щIэблэм гъащIэм халъхьэфынуп псэщIэ, - щыжиIащ КIуэкIуэ Юрий и тхыгъэм.

- Къэралым Iэмал дахэ къытхуегъэлъагъуэ лъэпкъ хабзэр тхъумэжьнымкIэ. Ар щIыхь пылъу къэдгъэсэбэпын хуейщ, - жиIащ Калифорние къалэм (США) щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Щыкъ Мухьэмэд-Хьид.

Хамэ къэралхэм щыщу къБКъУ-м щеджахэмрэ еджапIэм и ныбжьэгъуэмрэ я зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI ГъукIэпщокъуэ Мурат къыхитIэщащ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэмрэ Хэкум исхэмрэ зэрагъэщIыхумэ, ныбжьэгъу зэхуащIмэ, анэдэлъхубзэр, адыгэ щэнхабзэр нэхъ хъума зэрыхьунур, мы Iуэхури абы зэрыкъэунэтIар.

Зэхуэсым хэтхэм зыщ рагъэпIыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэм. Щэджэм районым щыпсэухэр хьащIэхэм къаIущIащ лъэпкъ макъамэрэ махъсымэ фальэкIэ. ЩIалэгъуалэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэепльу кьалэм дэтым. Ахэр еплъащ къуажэ курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ дерс зэрыщрагъэкIуэкIми. НыбжьыщIэхэм я нэгу зрагъэжьащ адыгэ уэрэдхэмрэ кьафэхэмкIэ. Псом хуэмыдау абыхэм ягу дыхьащ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я кьафэр, убых кьафэр, уджыр.

Адыгэ щIалэгъуалэм зыщрагъэпIыхьхьащ Налшык, ирагъэлъэгъуащ абы и щIыпIэ дахэхэр, щIагъэдэIуащ тхыдэм щыщ хъыбар гъыщIэгъуэнхэм.

Адэжьхэм я гъуэгукIэ

Адыгэ щIэблэм я «зекIуэм» щыпащащ Краснодар щIыналъэм. Лазаревск районым щыIэ ШэхэкIей кьуажэм ильэсиплI-рэ зи ныбжь тюльпан жыгым и деж ахэр щахуэзащ къуажэм дэс нэхъыжьхэм. Куэд зи нэгу щIэкIа жыгыжьым и хъуреягъым ТхъэщелъэIуахэщ къуэшыгъэр, ныбжьэгъугъэр игъащIэ пIалъэкIэ яку дэлъыну. Гупыр Тхьэ щелъэIуащ Мыгу шапсыгъ пасэрей лъэпкъым я фэеплъ мывэм дежи. Мывэр щагъэтIылъа 2012 гъэм щегъэжьауэ ар адыгэхэм я деждкIэ лIакъуэхэм я лъабжьэр къэзытIэщIыж дамыгъэщ.

ХьэщIэхэм къаIущIащ Краснодар крайм и Администрацэм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Кlэрмыт Мухьдин, Лазаревск районым и администрацэм и унафэщI Полянский Сергей сымэ.

- Сынасыпыфlэщ си адэжьхэм я щIым си лъэр зэрытезгъэувам, адэ-анэм кьысIуралъхьа си бзэ дахэмкIэ сызэрыщыпсэлъам щхьэкIэ. Си лъэпкъ гъуазджэм и купщIэр, и щэхуэхэр си быным зэрабгъэдэслъхьэнури си гурыфIыгъуэщ, - жиIащ Нью-Джерси (США) кьикIа Хьанун Наталье.

КъБКъУ-м и студент Шыбзыхъуэ Астемыр жиIащ и лIакъуэр а щIыпIэм зэрыщыпсэуар, я къуэш шапсыгъхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщигъэгъуэзэныр зэригуапэр.

Къэрал зэмылIужьыгъуэхэм кьикIа щэрджэсхэм яхэтт Сочэ и хъыбар щэхуха фIэкIа щIыпIэр зэи зымыльэгъуахэр. Адлер деж абыхэм зыщапльхьащ «Роза Хутор» комплексым, Къуэбыдэ бгылыжэ спортым щхьэкIэщаухуахэм. Нэсащ ахэр Олимп паркми. «Нэпсым кьыззэпежьых адэжьхэм я псэхэр здэщыIэ щIыпIэм ущытеувэкIэ. Нобэ дуней псор щыгъуазэщ мы щIыпIэ дахэм. Дэ абы дропагэ», - жиIащ Туркум и лIыкIуэ Мэремыкъуэ Мэхьмуд.

- Ди адэ-анэхэм кьыджаIэрт мы щIыпIэр зэрытельыдкэр. Ауэ щрыхькIи, уи нэкIэ пльагъу хуэдэ щыIэкъым. ЩIэхьщIэхьыурэ кьытемыдгъазэуи тхуэшэчынукъым иджы, - къыхигъащIащ абы ильагъу псом зэриткъэкъур пльагъуу.

Адэкlэ гупым кьапэплъэрт Абхъаз щIыналъэр. Ахэр хэтащ Сыхъум егъэджакIуэхэм я республикэ унэм щекIуэкIа зэIущIэм. Ар кьыщызэIуихым, Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамие Алеко кьихигъэщащ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я къуэшыгъэ-ныбжьэгъугъэр куэдрэ гъэунэхуплэ зэрихуар.

- Дэ зэпэIущIэ дащIыным хущIэкъуахэм ар кьайхъулIакъым. Лъэпкъхэм ди тхыдэм хэтащ узыгъэгумэщI напэкIуэцIхэр. ИтIани дыкъэгъуэгурыкIуащ зыхэщIэдгъакъуэурэ. 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм, хамэ къэралхэм щыщ адыгэхэр хэтащ. Абы къыщытхьа текIуэнгъэмэ дэ нэхъри дыхьэпщIащ. Нобэ Абхъаз къэрал университетым и студентщ Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм, Туркым, Сирием щыщ адыгэ ныбжьыщIэ куэд, - кьыхитхащIащ абы.

Адыгэ щIалэгъуалэр IущIащ Абхъазым и президент Анкваб Александр. Абы щIэблэр щIигъэдэIуащ абхъаз лъэпкъым кьикIуа гъуэгуанэ гугъумрэ я гугъуехьыр ядэзыгъэсыпщIа адыгэхэм я лIыхъужьыгъэмрэ. США-м, Сирием, Иорданием, Израилым, Туркым кьикIа щIалэгъуалэр я мурадхэмкIэ, IуэхуущIафэхэмкIэ президентым дэгъэунэхуащ.

Абхъаз къэрал университетым щекIуэкIащ Урысеймрэ Абхъазымрэ я зэпыщIэныгъэхэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтхэм хъуэхъу хуаIэтащ абхъаз-абазэ лъэпкъхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр кьызэгъэпэщыным ги гуащIэ хэлъ Шамбэ Тарас. Ар ильэс 75-рэ ирикъурт. Ильэс 20-кIэ абы и нэIэ щIэтащ зэгухьэныгъэ, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу абхъаз лъэпкъыр зэкъуигъэувэным теухуаэ щытащ и лэжьыгъэр.

ИужьыIуэкIэ щIалэгъуалэ гупыр щихьэщIащ Очамчир куейм хыхьэ Кутол къуажэм. Амичбэ зэщхэм я унагъуэм хьащIэхэм джэгу щыхуащIащ.

Сыт хуэдэ зэманми щIыхум фIэтелъыджэщ щэху гуэр зыхъумэ щIыпIэхэр. ЗыплъыхьакIуэ ежьа ныбжьыщIэхэри зыIэпишащ АфонощIэ бгъуэнщIагъым. Ивери бгым и бгъэзэнщIагъымкIэ кIэщIкIри гуэр «Турист» электропоездым итIысхьащ. Абы хьэщIэхэр ишащ бгъуэнщIагъым и лъабжьэ дыдэм щыIэ «Анакопие» пэщым. Ар телъыджэ ящIырт щIыщIагъ гуэлу тIу зэриIэм. ЕтIуанэу узыхуэзэр Тыркумрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ залымыгъэкIэ ягъэIэпэхуа абхъаз-мухьэжьыр-хэм я цIэкIэ «Мухьэжьыр-хэм я пэш» зыфIащарт. «Нартаа» мывэ пащым узыщрихьэлIэ гуэлым елырыкъэшхэр хэст. «Спеелоог», «Смыр Гиви и цIэр зезыхьэ», «Аюхаа» пэшхэм сталагмитхэмрэ сталактитхэмрэ щыкъэдт. Маяк телъыджэхэр къыщIэлъкIырт «Апхярцам». «Апсны» иIэ метр щэщI хъу мывэ псыкъелъэр нэхъ телъыджэжт.

КъыкIэлъыкIуэну зэхуэсыр зэхуапIалъэу

Форумым и иужьрей махуэм щIалэгъуалэр тIэкIуи игъэнащхьейрт. Ныбжьэгъу зэхуэсхэр зи гупсысэ зэтехуа, зы Iуэхум зэхуища гупым зызыщагъэнщIатэкъым, дауи. Iуэху кьызэзыгъэпэщахэр акъылэгъу зэдэхъуащ ильэсиплым зэ хамэщI щIыпIэ адыгэ щIалэгъуалэр нэхъыбэу кьешIэлIэщ, адыгэ, абхъаз щIалэгъуалэр зэрыгъэцIыхуныр, къуэшыгъэ пэщым щIэпIыкIыныр. Зэхьхэм хьэкъ щIидыщIырт Iуэху дахэм Iэужь зэриIэнур. Псыежэхым кьежьапIэ иIэщи, къэувыIэркъым. Зи кьежьапIэм и IэфI Iыхьэзыщта щIэблэхэри лъэпкъым и къэкIуэнуми, Гупсысэм и гупсысэнущ. Гупсысэм Iуэхуи къыкIэлъыкIуэнущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.



● Мэкъуауэгъуэм и 8-р Урысейм и социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ

ГущIэгъуэмрэ хьэлэлыгъэмрэ

ЦIыхуэхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжьныр мы зэманым мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iэнатlэ хъуащ. Абы пэрыт IэщIагъэлI минхэр махуэ къэс ядоIэпыкъу зи ныбжь хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, хуэмыщIа унагъуэхэм щыщхэм. Мы зэманым апхуэдэ лэжьакIуэхэм ушрохьэлIэ район псоми. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм щыхуагъаджэ «социальнэ педагог», «социальнэ психолог», «социальнэ лэжьакIуэ» IэщIагъэхэм.

Дэтхэнэми елъытащ

Социальнэ лэжьакIуэм и махуэ щыIэ зэрыхъуар властхэр махуэ къэс гугъуехь Iууэ щIыхуэхэм зэрадэIэпыкъум и нэщэнэщ.

Гугъуехь хэхуахэм махуэ къэс яхуэзэ а лэжьакIуэхэм фIыуэ къагроIуэ яхь жэуапыныгъэр зыхуэдизыр, дэтхэнэми куэд зэрелъытар.

Социальнэ Iэнатlэм щолажьэ къахуэныкъуэ псоми ядэIэпыкъуну гурэ псэкIэ хущIэкъу щIыхуэхэр, псапэ щIэным зи Iуэхур теухуахэр.

ЖыслIэну сыхуейщ зыхуэзфIэмыкIэхэм защIэгъэкъуэныр зи лэжьыгъэ псоми егугъуу икIи щIыхь пылъу я къаланхэр дяпэкIи зэрагъэзэщIэнур си фIэщ зэрыхъур.

Социальнэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ псоми езыхэм я IэщIагъэм ехьэлIа гуфIэгъуэмкIэ - Социальнэ лэжьакIуэм и махуэмкIэ сохъуэхъу. Фэ гугъэ зыхэфлъхьэжа икIи фызыдэIэпыкъуа цIыхуэхэм къыщыдгуфIыщIэр дунейм щынэхъ IэщIагъэ дахэр зиIэ дамэ фхуурехъу.

Си гуапэщ узынщагъэ быдэ, ехьулIэныгъэ фиIэну, фи унагъуэхэм фIыгъуэ илъыну, фи IэщIагъэм зэрыхэфщIыкIым хэвгъэхъуэну.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт.

Сытым деж жылагъуэр щыуэзынщэр?

Налшык къалэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и Iуэхущ IапIэм балигъ мыхъуахэм ядэлэжьэныжьмкIэ и унафэщIм и унафэщIр Бэдракъ Iэминэ.

«Дэтхэнэ сабийри насыпыфIэн хуейщ» къыхуеджэныгъэм щIэту мэлажьэ икIи мэпсэу Бэдракъ Iэминэ. Ар лэжьыгъэм зи гур хуэзIуха цIыху гуащIафIэщ. Зыпэрыт IэнатIэр арыншамэ хузэхьэфынытэкъым. ЩIэныгъэ уиIэным и мыхьэнэ, гущIэгъуэ щыпхэлъын хуейщ мы IэнатIэм упэрытын папщIэ.

«Жылагъуэр щыуэзынщэр гугъуехь хэхуа сабийхэм яхуэсакъмэщ. Унагъуэ хуэмыщIахэм ядэлэжьэн щыщIэздзам ар си гъащIэ IэнатIэ хъуну си гугъакъым. Сабийхэм ущепсалъэкIэ куэд къыбощIэ, - жеIэ Бэдракъым. Пэжщ, ахэр зыщIэхъуэпсыр къызэрыгуэкIуэхуэхэрщ: зэрыджэгун яIэныр, IэфIыкIэ къыхуащэхунр, зыплъыхьакIуэ яшэныр. Унагъуэм дэIэпыкъуным теухуа Iуэху псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ, икIэмикIэжым ахэр зыхуэгъэзар сабийхэрщи. Абыхэм сащыхэтым и деж сэ бын куэд зиIэ эжэу зыкъыскюхъуж икIи гукъыдэжышхуэ къызэт».

- Iэминэ фIыуэ къыщIалъагъур яхунщI тыгъэхэркъым, къызэригъэпэщ Iуэхуэхэркъым, атIэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ унагъуэхэм псэ кьабзэкIэ зэрабгъэдэтырц.

«Зи Iуэхуэхэр гугъу унагъуэхэм, зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми, защIэзгъэкъуэну сыхущIокъу, адэ-анэхэм я бынхэр хыфIамыдзэнырщ псом я щхьэу къэслъытэр. ЦIыху хьэлэхэм я фIыгъэкIэ дэ ерыскъыр щыгъынкIэ дадоIэпыкъуф нэхъ хуэмыщIа унагъуэхэм, - жеIэ Iэминэ. - Ди программэм зиубгъуащ икIи абы «Уэ уи закъуэкъым» фIэщыгъэцIэр фIэтщащ.

Бэдракъым ущедаIуэкIэ, абы хэлъ фIэщхъуныгъэр телъыджэ пщохъу. А бзылъхугъэм зэпымыууэ Iуэхугъуэщ Iэхэр къыхелъхьэ икIи псори зыхуэгъэзар сабийхэрщ.

Илъэсыщ1э къыщихьэ жэщым.

НэгъуэщIу тхуэзфIэкIынукъым

2003 гъэм Шэрэдж районым къыщызэIуахащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ псэныгъэм ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ центр. Абы и унафэщIу ягъэуващ Ульбашевэ Миналдан. А Iэнатlэр абы деждкIэ щIэуэ щIыттэхьыми, зэуэ шэщIауэ лэжьэн щIидзащ. Миналдан къыгурыIуэрт къуажэм ущыплэжьэну зэрынэхъ гугъур: мыбы цIыхуэхэр щесат езыхэм я щхьэ фIэкIа щымыгугъыжу, лъэIуэн я жагъуэу. Абы къыхэкIыу езы Миналдани ар зи пашэ гупми цIыхуэхэм гурагъэIуэн хуэй хъурт я Iэхущ1апIэр зэрадэIэпыкъуфынур.

Абы лъандэрэ зэман дэкIащ. Иджы Миналдан зэрылажьэн хуейм хуеущий Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр. Илъэс хъурейм центрым зыщагъэсэху я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Шэрэдж районым и мызакъуэу, республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщхэм.

- Ди деж псом хуэмыдуэу къэкIуэну яфIэфIщ Прохладнэ къалэм кьикIэхэм, - жеIэ Миналдан. - Илъэс къэс кьытхуэкIуэхэри диIэщ.

Центрым и унафэщIыр ирогушхэу езым и лэжьакIуэхэм. «Дэ дзыхь эзхудощI, абы ди Iэнатlэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ»,- кьыхегъэщхьэхукI Iэтащхьэм.

Миналдан зы пщэдджыжь къэмыпэу макIуэ центрым зыщщызыгъэпсэхуэхэм икIи зыщщызыгъэхъужхэм я деж, абыхэм я Iуэху зыIутыр зрегъащIэ.

Илъэс къэс центрым Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ щIыху 1500-м щIигъуи. Абыхэм я нэхъыбэр а Iуэхутхьэбзэм щогуфыкI. УнафэщI емыязэшьи и гупым зэпымыууэ кьелтыхьуэ зыпэрыт Iэнатlэр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэр.

Илъэсыщ1э къыщихьэ жэщым.

Бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэ

ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэль, куэдым хэзыщIыкI щIыху уху ззэну, уепсэльэну сыт щыгъуи гуапэщ. Апхуэдэщ Налшык къалэм и щIыхуэхэм псэныгъэ и Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжьмкIэ и центрым и лэжьакIуэ **Поляк Светланэ**. ЦIыхубз щIалэр икIи дахэр социальнэ лэжьакIуэщ. Iэнатlэ куэд яхуэзжу мыбы къэкIуахэм яхуэмыдэу, абы зэуэ къыхихащ мы Iуэхур.

«Уи лэжьыгъэм уи гур щIыхуэгъэтIылъам и деж насыпщ, - жеIэ Светланэ. - Ди деж улахуэ инхэр щызекIуэркъым. Абы къыхэкIыу къытхыхьэхэр псэкIэ къытхуэгъэрц». Москва и къэрал социальнэ университетыр кIыуха нэужь, бзылъхугъэр япэщIыкIэ школакIуэ нэхъыщIэхэм ядэлэжьащ. Иужьк1э министр Тюбеев Альберт зыхуигъэзащ лэжьакIуэ игъэувыну ельэIуу. Си гугъэщ къулыкъущIэр щымыуауэ.

Ныкъуэдыкъуэхэм ядригъэкIэкI Iуэхуэхэр щыплъагъукIэ, жыбоIэ: «Мы цIыхубзыр мы Iэнатlэм къыхуигъэщIащ». Абы а Iуэхуэхэр апхуэдизу зэхэухуэнэри, ныкъуэдыкъуэхэм я узыр ящхьэщих хуэдэщ. Абыхэм ягу хэхъуэу загъэпсэху. Илъэсих хъуауэ щылажьэ центрым кьегъэщIылIащ ныкъуэдыкъуэу 300-м щIигъу. Поляк Светланэ абыхэм ятеухуауэ я псори ещIэ: хэт сыт хуэныкъуэми, хэт сыт фIэфIми. Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зыхуеГъэтыф. Арыншауи хъунукъым: абыхэм я хьэлхэр зэтехуэрэкъым.

Абыи къыщыщнэркъым. Светланэ быдэу яплыщIащ къэралым и апхуэдэ центрхэм - Москва, Саратов, Сочи, Краснодар ящыщ IэщIагъэлIхэм. Ахэр зочэнджэщ IэнатIэм щIэуэ къыщыщIгъэсэбэп хъунум пылъу.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

IэнатIэм хуэфащэ

«ЦIыхум хуеГъэфащэ, гъащIэм егъэбелджылы», - жаIэ хабзэщ. Дэ дызэрыхуейм хуэдэу ди Iуэхуэхэр къыщыщIимыдз къохъу - ди гугъапIэхэр къыдэмыхьлIэу, дызыхуейм ди Iэхэр нэмыс. Псалъэм папщIэ, языныкъуэхэм деж дыпэмыплъэхауэ дыкъызыIухута IэнатIэр фIыуэ щытытлагъу щыIэщ.

СЛЮНЬКО Наталье сыт щыгъуи цIыхуэхэм ядэлэжьащ, и Iуэхущ1афэ псори зыхуэгъэзауэ щытар абыхэм ядэIэпыкъуырщ. Бзылъхугъэр щIэхъуэпсырт экономикэ IэнатIэм. Абы кьыхэкIыу курыт школ нэужьым КъБКъУ-м и экономикэ факультетым щIэтIысхьащ. Къиуха иужь, «Заветы Ленина» колхозым бухгалтеру лэжьэн щыщIидзащ.

Наталье фIэфIт цIыхуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъун. Апхуэдэ щыкIэкIэ Прохладнэ районым и Пенсэ фондым къыщIэхутащ. Абы щылажьащ илъэсихкIэ.

2000 гъэм Слюнько и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуащ: ар ягъэуващ Прохладнэ районым щыIэ Солдатскэ станицэм щIыхуэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжьмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщIу. Гуэдзакъэ зэриIэм, цIыхуэхэм защIигъэкъуэну зэрыхуейм, ахэр зыхэт гугъуехьэр къызэрыгурыIуэм я фIыгъэкIэ, абы гъащIэм гъуэгуIэ щыхуищащ: 2009 гъэ лъандэрэ Слюнько Прохладнэ районым щIыхуэхэм псэныгъэкIэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжьмкIэ и комплекс центрым и унафэщIщ. Абы езым и Iэщ1агъэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэщ.

«Социальнэ лэжьакIуэхэр дунейм кьытехьэн хуейщ цIыхуфIу, ахэр гуащIафIэу щытыпхъэщ», - жеIэ Наталье.

Илъэс кьэс а центрым щIыху минипIым щIигъуи Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зыхищIэн хуейщ удэIэпыкъуну уэзрригуапэр икIи уэзрыхьэзырыр.

Наталье щIыхь тхьалъ куэд иIэщ КъБР-м и Правительствэм, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрствэм, Профсоюзхэм я федерацэм кьабгъэдэкIыу. 2013 гъэм абы «КъБР-м социальнэ IэнатIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIащащ.

Лъапсэрых, лъэпкъгъэкIуэд адыгэхэм

КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар.

Блэкlам и дыджыр зэманым хуэгъэlэфlакъым

• Репортаж

Щыгъуэ-щlэж махуэр Истамбыл щокlуэкl

ИЛЪЭСИ 150-рэ и пэкlэ гъэзэгаиэ кIыхь теуващ адыгэр. Кавказым къыщылыда мафlэ лыгъейм рэ адыгэм къыкlэлъызэрахьа залымыгъэмрэ кIуапIи-жапIи къыщымытым, тенджыз фIыщIэ Iуфэм къесылIэ къуэхьыжьхэм хы адрыщIымкlэ зэпрашащ ди лъэпкъэгъуэхэр. ПшахъуэщIым ипхъа хъуахэрщ, Тыркум нэмыщI, Сирием, Иорданием, Израилым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, нэгъуэщI кэрал кэдым нобэ къыщыщIидзахэр. Джатэм ищIа уIэгъэ кIыжми, псалъэм идз дыркъуэр дыджми, зи хэмыкlыжьыну IуэгъэшхуэУ лъэпкъым и гум тридзащ 1763 - 1864 гъэхэм щыIа гуIэгъуэм къытхуихьа лъапсэрыхьр. Илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэм адыгэ миницэ зыбжанэр щызэтраукIэри, къэнам и нэхъыбэм хэкур ирагъэбгынащ.

Тхьдэм щыщ апхуэдэ Iэхуэхэм щыгъуазэ, я адэшхуэхэм быжьрагъэжа кэдым щIэдэIуа, зэгуэр истамбылакIуэу щытахэм я щIэблэ миниплI бжыгъэхэр Истамбыл и Къартал куейм щызэхуэсыр а щыхьэхэм, Кавказ зауэр зэриухэр илъэси 150-рэ зэрырикъум теуха щыгъуэ пэкIум хэтыну. Адыгэ фащэ зыщIыгъ цIыхухъухэм хуэсакъыпэурэ зэрагъэзэхуэжыр я адэжьхэм къащIэнауэ якIэрыпъ къамэхэр, хьэзырхэр, бзыпIкъэхэм ящыгъ фащэхэм теда бгъэIупъхэмрэ ящIэпъ бгъырыпхэмрэ ныбжьыщхуэ зэралэр пльагъурт. Блэкlам хуащI пщIэмрэ хамэщIым гуIэурэ къаша я нэхъыжьхэм я фэеплъымрэ зэрыхуэпэжьым щыхьэт текъуэрт я нэхъ цIыкIу дыдэхэми фащэ зэрызэрахьэр, я щIэинхэр зэрахьумэр, я лъэпкъ дамыгъэхэр зыIет ныпхэр. адыгэ бракъэхэр лъагэу Iэтауэ зэраIыгъыр. Цыхухэр хуэм-хуэмурэ къызэкуэсщ, зэгуэр бэлыхь зыгъэва лъэпкъым и щIэблэм Истамбыл и зы уэрамышхуэ яуфэбгъури, зы километр хуэдизкIэ ирикIуащ. Дэтхэнэми и нэгум кIрих щыгъуэр, ирагъэкIыжу, къызэрыддэгуашэ гупсысэжэр, щIалэгъуалэм эдэжьууэ ягъэIу псалъэхэр щыхьэт текъуэрт хамэщI къыщалъхуами, къызыхэкIар ящIэжу адыгэр къызэрыгъэгурыкIуэм. Ий гур хэзыгъэщI гупсысэу щхьэм къызэрыхьхьэм укъезыгъэлир арат - щIэблэм къызыхэкIар зэращIэжырт, адыгэбзэкIэ псалъэ зэрызэхэпхырт.

Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Къартал и утышхуэм деж щызэхуэсахэм яхэтщ абхъаз, осетин, шэшэн бракъхэр зыIыгъхэри. Аизри къекIуэлIащ, езыхэми я щхьэ кIыкIуэ гуэзэгъуэм хуэдэр адыгэхэм дагъгъыну. Щыгъуэ пэкIур къызэгъэпэщыныр зи пщэ дагъ КАФФЕД-м Тыркум и цIыхубэм нэхъ пасэу захуигъэзат мыпхуэдэ джэ псалъэкIэ: «Накъыгъэм и 21-нэ махуэр... Ар адыгэ лъэпкъым къращIылIа лъэпкъгъэкIуэд зауэм и кIэух махуэщ. Тхьдэм зэрищIэж лъэндарэ адыгэ лъэпкъыр щыпсэу и хэкужьым къыщигъэщIащ тельыджэу зы бзэ, зы хабзэ, зы щэнхабзэ. Ауэ зэрыпсychуакIуэ политикэр зэбэкI, дуней псор зыгъэздэкIыджу щыта Урысей пащtыхьыгъуэм и дэзшхуэхэр къебгъэрыкIуащ XVIII лIащIыгъуэм и кIэухэм. Апхуэдэ политикэ зиIа адрей кэрал лъэщхэр къеплъурэ, лIэщIыгъуэм щыгъуэ щIэблэжу, шыщхьэмыгъазэу адыгэр зыхэта щхьэхуитыныгъэ зауэр 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м иухащ. Уэсмэн къэралыгъуэм иIыгъыу щыта щIыналъэшхуэхэм зэбгрыдзауэ ирагъэтIысхьащ ди лъэпкъэгъуэр. ЩагъэтIыса щIыпIэхэм щIыхупсэ къудейуэ фIэкIа, лъэпкъыбзэ зэрыпсэун Iэмал гуэри, хитыныгъи щамыIа пэтми, зыхагъэкIуэдахьм, зэрыядыгъэр зыщагъэгъупщакъым. Абы кIыхьэкIкIэ накъыгъэм и 21 махуэр щыгъуэ махуэ къудейкъым, атIэ икIи лъэпкъ щIэж, лъэпкъ гъащIэм зыщимжьыж, лъэпкъымрэ хкумрэ зэрыгъуэтыжьыным, зэфIэгъуэзжьыным ди цIыхуэр кIыхуэзыгъэуш махуэщ, дызыгъэкIуэдыну хэх кIыру псоми дапэувыну, дафIэпсэуну, гъащIэм лъэ быдзкIэ дыхуэзвну ерыщагъ кIытхэзылъхьэ махуэщ.

Ди лъэпкъым и гум, и псэм кIупщхьэ кIыхуэу, я зэхэщIыкIыр ныкъуэдкIуэ зыщIа гуауэр, кIытхIэлъызэрахьа залымыгъэр, кIыдащIылIа лъапсэрыхьыр гущIэгъуэрэ гулъытэрэ зиIэ нэгъуэщI лъэпкъэм, къэралхэм, дуней псом щедгъащIэ махуэщ накъыгъэм и 21-р. Блэкlам дыщыхэлпъэж, нобэм дыщIэзыгъэгупсысыж, къэкIуэнум дыхуэзышэ, гъащIэр кIытхуэзыгъэнэху махуэщ ар.

Апхуэдэ гугъэрэ ерыщагърэ диIэу ди гуауэр дгъэIун, джаур зауэжьым хэкIуэдахэр дигу къэдгъэкIыжьым, абыхэм я фэеплъым щIыхь яхуэтщIын папщIэщ Истамбыл кьалэ, Къартал районым, Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здэщыт утым деж дыщIыщIэзэхуэсыр.

Лъапсэрых зауэм и гуауэр зыхэзыщIэ дэтхэнэ зы адыгэри, ди лъэпкъым и ныбжьэгъуэхэри къыдогъэблагъэ ди махуеим кIыткъуэтыну». *(Зэзыдзэкlар Хъуажь Фахърийщ).*

Пэкlум хэтащ ар къызэзыгъэпэща, Тыркум щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**, Тыркум и Меджлисым (Лъэпкъ Зэхуэсым) и депутатхэу **Ёэкоч Энгин**, **Тунай Фаикъ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей Шэрджэсым, Адыгеим щылажьэ Адыгэ хасэхэм я тхьэмадэхэу **Хьэфlыцlэ Мухьэмэд**, **Шэрджэс Мухьэмэд**, **Бэгъущэ Iэдэм** сымэ, Сириеи, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Мысырым щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэжэр.

Зэхуэсыр къызэIуахьа **Хьэгъундокъуэ Яшар** къыжиригъэщащ Урыс-Кавказ зауэжьым хэкIуэда, хэхэс гъэзэгуанэм текIуэда ди адэжьхэм яхуэщIыгъуэну къызэрызэхуэсар, зы лIэщIыгъуэрэ ныкъуэкIэ узэIебэжьIажмэ, урыс пащtыхьыгъуэм хуэдищIыIа зауэ гущIэгъуншэм лъэпкъгъэкIуэдыр къызэрытхуихьар Урысей Федерацэми, Тырку Республикэми, нэгъуэщI къэралхэми зэхащIыкIыну зэрыщIэлъэIур.

- Зым и дежкIи щэхукъым Кавказ зауэжьым лъапсэрыхьр къызэрытхуихьар, - къыпищащ адэкIэ Яшар. - Ар дэ дызыхэс къэралми, цIыхугъэм, зэкъуэшыныгъэм, мамырыгъэм пщIэ хуэзыщI дэтхэнэ зыми кIыр гуIэн, къыддиныгъын хуейщ. Ар умыпIэгъу хуэдэу зыпщIкIэ, къэхъуар пхущIэуфэныкъым. Абы ипкъ иткIэ, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм къыхэтха фэбжьыр нобэрей Урысей Федерацэмрэ Тырку Республикэмрэ я Iэтащхьэкэр, хэхэсхэр, хэкурысхэр дызэгъусэу зэрыдгъэзыжьыным иужьditын хуейщ.

Депутат **Ёэкоч Энгин** (абазэщ) кIыхьу тепсэлъыхьащ адыгэм и щхьэм къриклуа мыгъуагъэм къыхуихьа насыпышагъэрэ хэхэс гъащIэр зыгъэунэхуаэхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн зэрыхуеймрэ. Апхуэдэу къыхигъэщащ лъэпсэрых зауэр зыхуэдамрэ кърикIуамрэ зэпкърыхауэ Тырку Меджлисым хэтхэм я пащхьэ зэрыраIуахьар, дяпэкIэ депутатхэр абы хэплъэну, хуэфащэ унафэ къащтэну зэрыгугъэр.

Тырку Меджлисым, партхэм къабгъэдэкIыу къэсэлъахэм къыхагъэщащ хэхэс адыгэхэм я гуауэр зэрыдагъэшыр, кьагъэуэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхэ зэрыхъуным лъэкI къамыгъанэу хэпIыфIыхьыну зэрыкъэзыыр. Уи гур хэзыгъэщI гупсысэу щхьэм къизэрыхьхэм укъезыгъэлир арат - щIэблэм къызыхэкIар зэращIэжырт, адыгэбзэкIэ псалъэ зэрызэхэпхырт.

Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Къартал и утышхуэм деж щызэхуэсахэм яхэтщ абхъаз, осетин, шэшэн бракъхэр зыIыгъхэри. Аизри къекIуэлIащ, езыхэми я щхьэ кIыкIуэ гуэзэгъуэм хуэдэр адыгэхэм дагъгъыну. Щыгъуэ пэкIур къызэгъэпэщныр зи пщэ дагъ КАФФЕД-м Тыркум и цIыхубэм нэхъ пасэу захуигъэзат мыпхуэдэ джэ псалъэкIэ: «Накъыгъэм и 21-нэ махуэр... Ар адыгэ лъэпкъым къращIылIа лъэпкъгъэкIуэд зауэм и кIэух махуэщ. Тхьдэм зэрищIэж лъэндарэ адыгэ лъэпкъыр щыпсэу и хэкужьым къыщигъэщIащ тельыджэу зы бзэ, зы хабзэ, зы щэнхабзэ. Ауэ зэрыпсychуакIуэ политикэр зэбэкI, дуней псор зыгъэздэкIыджу щыта Урысей пащtыхьыгъуэм и дэзшхуэхэр къебгъэрыкIуащ XVIII лIащIыгъуэм и кIэухэм. Апхуэдэ политикэ зиIа адрей кэрал лъэщхэр къеплъурэ, лIэщIыгъуэм щыгъуэ щIэблэжу, шыщхьэмыгъазэу адыгэр зыхэта щхьэхуитыныгъэ зауэр 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м иухащ. Уэсмэн къэралыгъуэм иIыгъыу щыта щIыналъэшхуэхэм зэбгрыдзауэ ирагъэтIысхьащ ди лъэпкъэгъуэр. ЩагъэтIыса щIыпIэхэм щIыхупсэ къудейуэ фIэкIа, лъэпкъыбзэ зэрыпсэун Iэмал гуэри, хитыныгъи щамыIа пэтми, зыхагъэкIуэдахьм, зэрыядыгъэр зыщагъэгъупщакъым. Абы кIыхьэкIкIэ накъыгъэм и 21 махуэр щыгъуэ махуэ къудейкъым, атIэ икIи лъэпкъ щIэж, лъэпкъ гъащIэм зыщимжьыж, лъэпкъымрэ хкумрэ зэрыгъуэтыжьыным, зэфIэгъуэзжьыным ди цIыхуэр кIыхуэзыгъэшI махуэщ, дызыгъэкIуэдыну хэх кIыру псоми дапэувыну, дафIэпсэуну, гъащIэм лъэ быдзкIэ дыхуэзвну ерыщагъ кIытхэзылъхьэ махуэщ.

Ди лъэпкъым и гум, и псэм кIупщхьэ кIыхуэу, я зэхэщIыкIыр ныкъуэдкIуэ зыщIа гуауэр, кIытхIэлъызэрахьа залымыгъэр, кIыдащIылIа лъапсэрыхьыр гущIэгъуэрэ гулъытэрэ зиIэ нэгъуэщI лъэпкъэм, къэралхэм, дуней псом щедгъащIэ махуэщ накъыгъэм и 21-р. Блэкlам дыщыхэлпъэж, нобэм дыщIэзыгъэгупсысыж, къэкIуэнум дыхуэзышэ, гъащIэр кIытхуэзыгъэнэху махуэщ ар.

Апхуэдэ гугъэрэ ерыщагърэ диIэу ди гуауэр дгъэIун, джаур зауэжьым хэкIуэдахэр дигу къэдгъэкIыжьым, абыхэм я фэеплъым щIыхь яхуэтщIын папщIэщ Истамбыл кьалэ, Къартал районым, Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здэщыт утым деж дыщIыщIэзэхуэсыр.

Лъапсэрых зауэм и гуауэр зыхэзыщIэ дэтхэнэ зы адыгэри, ди лъэпкъым и ныбжьэгъуэхэри къыдогъэблагъэ ди махуеим кIыткъуэтыну». *(Зэзыдзэкlар Хъуажь Фахърийщ).*

Пэкlум хэтащ ар къызэзыгъэпэща, Тыркум щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**, Тыркум и Меджлисым (Лъэпкъ Зэхуэсым) и депутатхэу **Ёэкоч Энгин**, **Тунай Фаикъ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей Шэрджэсым, Адыгеим щылажьэ Адыгэ хасэхэм я тхьэмадэхэу **Хьэфlыцlэ Мухьэмэд**, **Шэрджэс Мухьэмэд**, **Бэгъущэ Iэдэм** сымэ, Сириеи, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Мысырым щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэжэр.

Зэхуэсыр къызэIуахьа **Хьэгъундокъуэ Яшар** къыжиригъэщащ Урыс-Кавказ зауэжьым хэкIуэда, хэхэс гъэзэгуанэм текIуэда ди адэжьхэм яхуэщIыгъуэну къызэрызэхуэсар, зы лIэщIыгъуэрэ ныкъуэкIэ узэIебэжьIажмэ, урыс пащtыхьыгъуэм хуэдищIыIа зауэ гущIэгъуншэм лъэпкъгъэкIуэдыр къызэрытхуихьар Урысей Федерацэми, Тырку Республикэми, нэгъуэщI къэралхэми зэхащIыкIыну зэрыщIэлъэIур.

Хьэгъундокъуэ Яшар: - Адыгэм и гукъеуэмрэ къызыхэкIам хуащI пщIэмрэ яIэтыну нобэ къызэхуэсам и куэдагъэр фолъагъу. Абы къеГэлъагъуэ Тыркум щыпсэу адыгэхэр зыхэсхэм зэрахэмышыпсихьыжар, зэрыадыгэр ящIэу, я тхьдэм щыгъуэ ящIэу, истамбылакIуэм кърикIуа бэлыхьыр нобэми къытехьэлъэу зэрыщытыр. Хэхэс адыгэхэм я гуныкъуэгъуэхэр, я Iуэху зыIутыр дызыхэсхэм кърагъэщIэну я хъуэпсапIэщ нобэ икIи абыкIэ хуитныныгъэ иIэщ. КъищынэмыщIауэ, мы зэхуэсым къекIуэлIа лIыщхьэхэм къагъэлъагъуэ дызыдэпсэухэм я тхьэмадэхэри къызэрыдэлэпыкъур, унафэщIхэр, депутатхэр зэрыщIыгъур, дыззэритепъхьэр.

Къыхэгъэщыпхъащ щыхьэм къытхуащI гулъытэр гуапэ зэрыпщыхьыр. Дэ быдзу ди фIэщ мэхъу адыгэм и къэкIуэнур дахэ зэрыхъунур. Тхьэм жиIэмэ, зэман къэхъунущ адыгэм и хэкужь игъуэтжауэ, дауэ мыхъуми, зыхуэзфIэкIым игъэзэжауэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэм кIыхэкIыу мыкIуэжьафам и къуэшхэр къигъэутыжауэ кIэлъыкIуэу. Иджыпсту диIэ хъуэ зэпыщIэныгъэм гур хеГахъуэ. Жьыжьажьым дэнэ щыпсэу адыгэми и анэдэлъхубзэр къыщигъэщIэрэщIэжьнур, и хабзэр и Iэпэгъуу псэу щыхъжьынур. Нобэ кьыдэкIа гупым нэхъыбэу яхэтыр щIалэгъуалэращ. Сэ сызэрепльымкIэ, ар и щыхэтщ къэкIуэнуи фIы къызэрытхуихьыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дяпэкIэ псэунухэм я тхьдэмрэ къежьапIэмрэ ящIэу щытмэ, адыгэм и гур зэи кIуэдынукъым.

Шыгъэлыгъуэ Уэджит: - Фэ зэрыфщIэщи, адыгэм и щыгъуэ-щIэж махуэр накъыгъэм и 21-м Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ ину щекIуэкIащ. Дэри ди хэкужь худиIэ пыщIэныгъэмрэ ди адажьхэм я фэеплъымрэ дгъэпэжу дыкъыдэмыкIыныр тхуэзфIэкIынутэкъым. Зыгъэпсэхугъуэ махуэм, щэбэтым иригъэхьэлIэри, зэхуэсыр къызэригъэпэщащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм. Истамбыл километр минкIэ пэжажьэхэри къэкIуащ нобэ, къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа ди куэдшэри къытхуеблэгъащ. Мы зэхуэсым иIэ мыхьэнэм щыщщ ди адэжьхэм я псэр щIата хэкужьым дыхуэпэжу, зауэм хэкIуадэхэм я фэеплъыр тхьумэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди лъэпкъым кIараха лейр ноби къызэрыгурыIуэжкIэ, ди бзэр, ди хабзэр, ди тхьдэр хъума хъунымкIэ диIэ гукъеуэзэр дызэрыс къэралым и унафэщIхэми дуней псоми зэхедгъэхьыну Iэмал дызэриIэр. Зэрыныгъуэ, хабзэм емыбакъуэу, къызэпамыуду, я гуныкъуэгъуэхэр зэпIэзэрыту жаIэу, тхауэ яIыгъуу Истамбыл и уэрамым къыдыхьа ди къуэшхэм фIыщIэ яхуэсщ.

Шурдым Гюнсел: - Гъэ къэси адыгэм и щыгъуэ махуэм, илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэр щиуха накъыгъэм и 21-м, адыгагъэ зыхэлъ дэтхэнэ зыри зэхуэсхэм макIуэ, и бамIэр дигъэкIыну, и макъ игъэIуну, и хуитныныгъэ щIэбэныну. Аузэ иджы хуэдэу кIыхьр Iуву, я жагъуэ хъуэхэр жаIэфу ди лъэпкъгъуэхэр Истамбыл къыщыдыхьа къэхъуакъым. Зи анэдэлъхубзэр къызыфIэIуэху, зи хабзэр зыIэтыну хуей, зи кьежьапIэр зыщызымыгъэгъупщажьным щIэхъуэпс дэтхэнэ хэхэс адыгэри къэкIуэу аращ мы зэхуэсым, хэгъэзыхь лъэпкъ хэмыпIу.

Ди адэжьхэр хэкум къыщыхуарт гъуэгум куэд текIуэдащ, кьэнар хамэ щIыпIэхэм ипхъа хъущ. Илъэси 150-рэ и пэкIэ зауэм хэкIуадахэм я псэр щыгъуфIыкIыну Тхьэм къыщIигъэкI нобэ зэхьхьа я щIэблэм, абыхэм я фэеплъыр дгъэпэжрэ я щIэинхэр зэхэкъуэжу иджыри куэдрэ псэун щIепкъ Тхьэм дищI. ХъуэпсапIэр куэд мэхъу, дыщIгъуэу аркъудейкъым нобэ хуэдэ махуэм, атIэ иджыри зэ дигу кьыдогъэкIыжь мо етхуанэ дыдэ хэхэр зетхьэн, адыгагъэ тхэпIу тыркуэм дахэсын, Iэмал зиIэм хэкум игъэзэжьын зэрыхуейр. Ар къыдэкIуэтей щIэблэми яIьаГурыи, нобэ хуэдэ махуэщ я нэхъыжьхэм къыжраIахэм нэмыщI, абыхэм Iуэхум и пэжыпIэмрэ куупIэмрэ щызыхащIэр.

Ёэкоч Энгин: - Сэ шэрджэсу зыслъытэжу, Сакарие кьалэм къыбгъэдэкI депутату Тырку Хэкурысхэм я адэжьхэр хэкIуэдами, я щIыгум и нэхъыбэр зэрапхъуами, я насыпэ кIыкIащ я щIы кIапэ тесыжыну. Зауэм и хьэпIэр нэхъыбэу зыхэзащIэр - хэхэс я щIыгум и нэхъыбагъкIэ зыхужаIэ ди лъэпкъгъуэхрщ. Истамбыл щекIуэкI Iуэхур, абы ипэ мазэхэм нэгъуэщI кьалэхэм, куейкэм щыгъуэ пэкIуэр къыщызэзэгъэпэщащ ди лъэпкъгъуэхэр къыддогъашэ екIуэкI зэхьхьэм кьарит гурыщIэмрэ къэкIуэнум зэрыщыгугъэжмкIэ.

Хьэгъундокъуэ Яшар: - Адыгэм и гукъеуэмрэ къызыхэкIам хуащI пщIэмрэ яIэтыну нобэ къызэхуэсам и куэдагъэр фолъагъу. Абы къеГэлъагъуэ Тыркум щыпсэу адыгэхэр зыхэсхэм зэрахэмышыпсихьыжар, зэрыадыгэр ящIэу, я тхьдэм щыгъуэ ящIэу, истамбылакIуэм кърикIуа бэлыхьыр нобэми къытехьэлъэу зэрыщытыр. Хэхэс адыгэхэм я гуныкъуэгъуэхэр, я Iуэху зыIутыр дызыхэсхэм кърагъэщIэну я хъуэпсапIэщ нобэ икIи абыкIэ хуитныныгъэ иIэщ. КъищынэмыщIауэ, мы зэхуэсым къекIуэлIа лIыщхьэхэм къагъэлъагъуэ дызыдэпсэухэм я тхьэмадэхэри къызэрыдэлэпыкъур, унафэщIхэр, депутатхэр зэрыщIыгъур, дыззэритепъхьэр.

Къыхэгъэщыпхъащ щыхьэм къытхуащI гулъытэр гуапэ зэрыпщыхьыр. Дэ быдзу ди фIэщ мэхъу адыгэм и къэкIуэнур дахэ зэрыхъунур. Тхьэм жиIэмэ, зэман къэхъунущ адыгэм и хэкужь игъуэтжауэ, дауэ мыхъуми, зыхуэзфIэкIым игъэзэжауэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэм кIыхэкIыу мыкIуэжьафам и къуэшхэр къигъэутыжауэ кIэлъыкIуэу. Иджыпсту диIэ хъуэ зэпыщIэныгъэм гур хеГахъуэ. Жьыжьажьым дэнэ щыпсэу адыгэми и анэдэлъхубзэр къыщигъэщIэрэщIэжьнур, и хабзэр и Iэпэгъуу псэу щыхъжьынур. Нобэ кьыдэкIа гупым нэхъыбэу яхэтыр щIалэгъуалэращ. Сэ сызэрепльымкIэ, ар и щыхэтщ къэкIуэнуи фIы къызэрытхуихьыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дяпэкIэ псэунухэм я тхьдэмрэ къежьапIэмрэ ящIэу щытмэ, адыгэм и гур зэи кIуэдынукъым.

Шыгъэлыгъуэ Уэджит: - Фэ зэрыфщIэщи, адыгэм и щыгъуэ-щIэж махуэр накъыгъэм и 21-м Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ ину щекIуэкIащ. Дэри ди хэкужь худиIэ пыщIэныгъэмрэ ди адажьхэм я фэеплъымрэ дгъэпэжу дыкъыдэмыкIыныр тхуэзфIэкIынутэкъым. Зыгъэпсэхугъуэ махуэм, щэбэтым иригъэхьэлIэри, зэхуэсыр къызэригъэпэщащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм. Истамбыл километр минкIэ пэжажьэхэри къэкIуащ нобэ, къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа ди куэдшэри къытхуеблэгъащ. Мы зэхуэсым иIэ мыхьэнэм щыщщ ди адэжьхэм я псэр щIата хэкужьым дыхуэпэжу, зауэм хэкIуадахэм я фэеплъыр тхьумэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди лъэпкъым кIараха лейр ноби къызэрыгурыIуэжкIэ, ди бзэр, ди хабзэр, ди тхьдэр хъума хъунымкIэ диIэ гукъеуэзэр дызэрыс къэралым и унафэщIхэми дуней псоми зэхедгъэхьыну Iэмал дызэриIэр. Зэрыныгъуэ, хабзэм емыбакъуэу, къызэпамыуду, я гуныкъуэгъуэхэр зэпIэзэрыту жаIэу, тхауэ яIыгъуу Истамбыл и уэрамым къыдыхьа ди къуэшхэм фIыщIэ яхуэсщ.

Шурдым Гюнсел: - Гъэ къэси адыгэм и щыгъуэ махуэм, илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэр щиуха накъыгъэм и 21-м, адыгагъэ зыхэлъ дэтхэнэ зыри зэхуэсхэм макIуэ, и бамIэр дигъэкIыну, и макъ игъэIуну, я хуитныныгъэ щIэбэныну. Аузэ иджы хуэдэу кIыхьр Iуву, я жагъуэ хъуэхэр жаIэфу ди лъэпкъгъуэхэр Истамбыл къыщыдыхьа къэхъуакъым. Зи анэдэлъхубзэр къызыфIэIуэху, зи хабзэр зыIэтыну хуей, зи кьежьапIэр зыщызымыгъэгъупщажьным щIэхъуэпс дэтхэнэ хэхэс адыгэри къэкIуэу аращ мы зэхуэсым, хэгъэзыхь лъэпкъ хэмыпIу.

Ди адэжьхэр хэкум къыщыхуарт гъуэгум куэд текIуэдащ, кьэнар хамэ щIыпIэхэм ипхъа хъущ. Илъэси 150-рэ и пэкIэ зауэм хэкIуадахэм я псэр щыгъуфIыкIыну Тхьэм къыщIигъэкI нобэ зэхьхьа я щIэблэм, абыхэм я фэеплъыр дгъэпэжрэ я щIэинхэр зэхэкъуэжу иджыри куэдрэ псэун щIепкъ Тхьэм дищI. ХъуэпсапIэр куэд мэхъу, дыщIгъуэу аркъудейкъым нобэ хуэдэ махуэм, атIэ иджыри зэ дигу кьыдогъэкIыжь мо етхуанэ дыдэ хэхэр зетхьэн, адыгагъэ тхэпIу тыркуэм дахэсын, Iэмал зиIэм хэкум игъэзэжьын зэрыхуейр. Ар къыдэкIуэтей щIэблэми яIьаГурыи, нобэ хуэдэ махуэщ я нэхъыжьхэм къыжраIахэм нэмыщI, абыхэм Iуэхум и пэжыпIэмрэ куупIэмрэ щызыхащIэр.

Ёэкоч Энгин: - Сэ шэрджэсу зыслъытэжу, Сакарие кьалэм къыбгъэдэкI депутату Тырку Меджлисым сыхэтщ. Мы дыщIызэхьхьа Iуэхум къикIыр, и мыхьэнэр нэхъ куу дыдэу зыхэзыщIэжэм сащыщщ сэ. Адыгэ лъэпкъым и щхьэ къриклуа мыгъуагъэр, абы ишэча хьэзабэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ дэ тхуэзфIэкI къдмыгъанэу лажьыгъэ пыухьыкIа идогъэкIуэкI. Дызыхэс Тырку къэралыгъуэм дяпэкIэ куэдкIэ дыщогугъ, нэхъ набдзэгубдзапIъэу къытхущытыну, гулъытэ нэхъыбэ къытхуищIыну. Абы екъэлIауэ къетхэжьа Iуэхуэр пхыдгъэкIыфмэ, си фIэщ мэхъу хэхэс лъэпкъым зэриIуэтэжыныр.

Пэкlум хэта, АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Бэгъущэ Iэдэм**:

- Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм дыкъуригъэблагъэри, хэкужьым и лIыкIуэхэр дыкъэкIуауэ аращ мы зэхуэхьэм. Нобэ дэ тлъагъур хуабжьу ди гуапэщ. Нэщхъеягъуэ Iуэху дыхэтми, гур эыIэт куэд нэгум щIокI. Цыхуу мин 20-м щIигъу къекIуэлIауэ хуэгъэфащэ мы зэхьхьэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и лъабжьэр къыщежьэмрэ и къуэпсыр здэщыIэмрэ ещIэжри, ар хъарзынэкъэ?! Си гур хэзыгъэхъуахэм ящыщщ Тырку къэралыгъуэм и Iэтащхьэм, премьер-министрым щыгъуэ махуэм щхьэкIэ я псалъэ ди лъэпкъэгъуэхэм зэрыгъэхрагъэхар. Мы щыпIэм зэгуэрыхэс щыуа адыгэм пщIэ, гулъытэ къыхуащI зэрыхъуам и нэщэнэщ ар, дяпэкIэ я щIэнхабзэр яхъумэжьынкIэ, зэрахьэнымкIэ Iэмал къыхуэзрагъэпэщыну угугъэ хъунущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм къатхащ адыгэр лъэ быдзкIэ увыжыну, я хабзэ, я бзэ яхъумэжыну зэрафIэигъэр.

Дунейм адыгэу тетыр зэкIэлъыкIуэр зэрыхъуар зэрысэбэпым шэч хэлъхьэм. Мейкъуапэ щекIуэкIа щыгъуэ пэкIум хэтащ Тыркум щыщ ди къуэшхэри, дэри дакъыкIэлъыкIуащ. Къэнэжьр ди къэрал, республикэ Iэтащхьэхэм ар зэхахьу, щапхъэ яхуэхъунырщ.

ЩIалэхэм я щхьэр Iэтауэ щыгъуэ пэкIум зэрыхэтым къегъэлъагъуэ адыгэр гукIэ зэрыбыдэр, лей къатехьами, я гур зэрымыкIуэдар. КъэкIуэн дахэ дызэриIэр къегъэлъагъуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэм фащэ зэращегъым, нэхъыжьхэм ар гушхуэу зэрызэрахьэм.

Анкара, Измир, Бурсэ, Сивас, Къайсэр, Кахраманмараш, Самсун къалэхэм щыщу зи лъэ вакъэ изылъхьэу щыгъуэ пэкIум къриклуа къэна хъункъым. Километр 800-1000 къызэпызупщIахэм щхьэж зыщащ къалэмрэ ар зыхьыхь Хасэ къудамэмрэ зытетха плакатхэр яIыгт. Дэтхэнэми и щIэинр тучку къыщIрихьэ махуэ хуэдэу, фащэкIэ зэщыхъэплькIахэм яхэтщ нэхъыжьи, нэхъыщIи, сабии... ЩIалэгъуалэм я нэхъыбэм ящыгъыр адыгэ ныпым и пльыфэ плIэщ, «адыгэ» тетхуэ... Дадэ жьакIэхуэхэри, нанэ Iумахуэхэри къызэхуэсащ, абыхэм нэхъ ящIэж я адэшхуэхэм ягъэхьыбарыжу щытахэр, я нэхэм щIалъэгъуа нэщхьеягъуэр, Кавказымрэ Iущщхэмахуэрэ къыхуэпабгъэу зэрыщытым теуауэ гъэкIуэжащ. Пщыхьэщхьэм и кIэухым утыку щыIуащ «Истамбылакlуэр», абы къриклуа нэпсыр щыгъуэ щыщыкIыкIыра адэкIэ едэIуащ тыркуБзэкIэ зэхалъхьаахэми. Къыщыпсалъэ утыкум щыфIэдза экраным къеГэлъагъуэ нэхъ иужькIэ яуса гъыбзэр жаIэу траха видео теплъэгъуэр. Плыкьыр тенджыз ФIыщIэм хэплъэу, псы Iуфэм кхъухьэр кьесылIэу, щIалэ щыкIур хэгупсысыхьауэ чэзуэ, едзыгъуэ зырызу, ягъэзащIэ хэхэс адыгэхэм яуса гъыбзэр. Псалъэхэри макъамэри гум хыхьэ защIэщ, къызыгурымыIуэм дежкIи гущIыхьэщ. Абы и ужькIэ утыкум къэхъэ фащэ фIыщIэ зыщIэ, илъэс 14 зи ныбжьым щIалэ цIыкIур. Пъэхуауэ, гур икъутэу кьоджэ Акъсырэ Залымхъан и «Истамбылакlуэ» пьесэм щыщ пычыгъэз.

«Нэпсыр жьакIэм къыщыпыткIум, Сэлам тыгъуэр ирохьэлIэ, Сыкъоогубкъри, «лIым и хьэлхъым!» - Жьыгъу щIалэм сыхуохъущIэ. «Зы лъэбакъуэщ уэ уи нэпсыр Пльагъужьым къыпхуэнар».

...Шум жиIати... Сэ си нэпсыр ЩIакIуэм телъу слъагъужащ»...

Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ дэкIа пэтми, зыкIи нэхъ кIащхъэ хуэакъым зауэм и къэзабыр цIыхупсэм зэрызыхищIэр. Я нэпс кьафIекIуэрт цIыхухъухэмми цIыхубзэмми, нэхъыжьхэмми щIалэгъуалэмми. А лъэхъэнэм и нэхъ гуащIэгъуэ дыдэм кьыхэбзкъыкI хуэдэт къэрмэфибл зырызрэ шэху уэздыгъэрэ яIыгъыу тенджвз Iуфэм хуэмрэ щыму кьеIуалIэ гупышхуэр. Псоми я щхьэр ехьэх

къахуэзыхьа зауэ гущІэгъунэ 1763 - 1864

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум ехьэлІауэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм

Зэрызахуигъэзар

«Накъыгъэм и 21-р адыгэхэм ди фэеплъ махуэщ. Лъэпкъыр зэкъуиуду дуней псом тезыкъухьа лъапсэрых зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ ирокъу. Ди адэшхуэхэм я адэжхэм я щхьэ кьрикІуэ насыпыншагъэр щІэблэхэм я гум джэрпэджжэу кьыщыІужу нобэр къыздэсым къоГуэгурыкІуэ. ЩІы хъуреишхуэм и планэпэ куэдым къыщыхута адыгэхэр мы мазэм нэхъри дыдэжьыигъэуВэн, лІыгъэкІэ гъэнщІа ди тхыдэм худи» лъагъунигъэр нэхъри тІэстын, ди зэпыщІэныгъэхэр зэи хуэмыдэжу дгъэбыдэн хуейщ.

Адыгэр дэнэ щІыпІэ дыщыІэми, гъащІэм и толъкъунхэм сыт хуэдэ кьуэладжэ дыдадэзми, дэ зэи зыщІдгъэгъупщэ хьунукъым лъэпкъыр лъэпкъыу кьыІэтезыгъанэ ди бзэр, хабзэ дахэхэр тхьымэн, дгъэлъэпІэн зэрыхуейр. Аэрааш, ди пСэр нэхъыфІщ жамыІэу, ди нэхъыжьыфІхэм лъыгъажэ зауэм я щхьэр щыхалъхьар.

Сэ захуэгоГазэ дэнэ къэрали щыпсэу ди лъэпкъуэгъуэхэм, ди къуэшхэм, ди шыпхъухэм: маржэ хьужьыхэнхэ, ди блэкІар тщымыгъупщэу ди къэкІуэнум дытеВгъэлажьэ, ди щІэблэр щІэныгъэм, щэнхабзэм, иджырей дунейм я щыІэкІэ-псэукІэкІэ деКІун хуэдэу дыжъгъэгъасэ, Іейм зыщыдвгъэхъуиэ. Дэдыгъэпкъ дахэщ - ди фІыр дуней псом едвгъэгъэпльагъу. «Зэманым деКІур лІыфІщ» - жиІащ пасэрейм. Ди гупсысэхэр зэпІэззэрыту, ди Іэхуащ Іафэхэр екІуу, мамырыгъэр ди гъуазэу нобэрей гъащІэм дыхэвгъэт.

Тхьэшхуэм девгъэлъэІу нобэрей махуэм хуэдэ адыгэ тхыдэм зэи кьыщымыхъужыну, адыгэ псори адэжь щыналъэм щыззэкуищэсыжу Ди лъэпкъым и щІыхьыр лъагэу дывгъэІэт!».

ТыркуМ и премьер-МИНИСТР Эрдогъан Реджеп Тайип адыгэхэМ я щыгъуэ махуэМ яхуигъэхьа телеграммэр

«Шэрджэс лъэпкъыр и хэкум къызэрыхахрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу иджыри зэ дигу кьыдогъэкІыж, икІи гурэ псэкІэ зыхэтщІэу ядыдогъэв ди кьуэш адыгэхэм я щхьэ кьрикІуэ гуауэр. Дызэрыс, зэдздгуэш мы щІыналъэшхуэм щыпсэу лъэпкъ псоми хуэдэу, зи щхьэхуитыныгъэм, фІэщхьуныгъэм хуэнэрыгъ шэрджэсхэм XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм я щхьэ кьрикІуэр цІыхуцІэ зиІэм я нэгу щІэкІа гуэзвэгъуэ, залымыгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Адыгэпсэ мелуан бжьыгъэ хэкІуэдащ абы. Зауэм кьелахэри, щалъхуа щІынальэр ямыбгынэжкІэ Іэмал ямыІэу щытыкІэ гугъу ирагъэвауэ щытащ.

Шэрджэсхэр, ди щІыналъэм ис лъэпкъ псоми хуэдэу, ди кьуэшхэщ. Тыркум и тхыдэр зэгъусэу кьызэдэдгъэщІащ, дяпэкІэ кьэкІуэну ди гъащІэри зэдздухуэнущ.

Мелуан 77-м нэс дэ зэкъуэшхэм тщыщ дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, хабзэр, ФІэщхьуныгъэр ихьумэжьыфу, лъэпкъ, цІыху зэхэгъэж щымыІэу, мы щІыналъэм и цІыху щыпкъэ дыдэу дэтхэнэми зиІыгъэжьфу щытынкІэ - аращ зэрыхьыкумэту дызызхущІэкъур. НэгъуэщІ лъэпкъ кьыхэкІахэр ямыдэу, ягъэкІуэдыну иужь иту, зыхагъэшыпсыхьыну хущІэкъуэу щыщыта лъэхъэнэр къэгъаазэ имыІэжу кьызэдзкІащ.

Тыркуем и лъэбакъуэ захуэхэмкІэ дэ кьыздгъэпэщащ дэтхэнэ ди кьуэшми и анэдэлъхубзэм ирипсэлъэну, ар и цІыхьэм иригъэщІэну Іэмал зэриІэр. Мы щІыналъэр зей цІыху мелуан 77-м хэту, ди кьуэш дыдэу фІэкІа дымыбж лъэпкъым гуауэкІэ гъэнщІа и махуэ гуэзвэгъуэхэр дэри ди гуауэщ, ди уэщ. Шэрджэсхэр зыщІэхъуэпс псори дэри ядыдоІыгъ. ДяпэкІэ гуэзвэгъуэ къэмыихъуным, захуагъэмрэ мамырыгъэмрэ дуней псом тепщэ щыхъуным псори зэгъусэу дыхущІокъу.

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлІэу хэхэс гъуэгуанэм текІуэдахэр иджыри зэ дигу кьыдогъэкІыж. Тыркуем Республикэм и цІыху ди кьуэш шэрджэсхэми, дуней псом тет адыгэхэми пщІэ яхузощІ, сэлам язохьж!».

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм къащта унафэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэт Хьэ-фІыцІэ Мухьэмэд Хасэшхуэм и щІыхь тхьалъымрэ дамыгъэ лъапІэмрэ цІыхуипльым Истамбыл щаритыжащ. Пшыхьым кърихьэлІат Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщу нэхъ жыджэру лъэпкъ Іуэхум хэт, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъ быдэ хъунымкІэ ляжьыгъэ щхьэпэ куэд езыхьэкІ лъэпкъыльІ нэсхэр.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд къыщыпсалъэм жиІащ ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр зыхуагъэфащэхэр Хасэшхуэм хэлэжьыхь, лъэпкъым ифІ зыхэлъ Іуэхуэхэр зэфІэзыгъэкІ, адыгэм и тхыдэр хъумэным, абы и зыужьынигъэм зи гуащІэ хэзылъхьэхэр зэрыарар. Апхуэдэу Мухьэмэд япэу утыку кьришащ хеттолог цІэрыІуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, адыгэм и къежьапІэ хъумрэ кьикІуа гъуэгуанэмрэ теухуэ къэхутэныгъэ куэд езыгъэкІуэкІ, хьэтхэм ятеухуа тхылъ зыбжанэ кьыдэзыгъэкІа, хамэ кьэрал щикъуэхьа адыгэхэр хэкум кьепхьажа хъуным жьджэру хэлэжьыхь **Чурей Алий**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и фІэхъусымрэ псалъэ гуапэхэмрэ бысымхэм яІэригъэхьажащ Мухьэмэд, икІи щІыхь къыщІихуащІын Іуэхугъуэ куэд иджыри зэфІихьфыну Алий ехъуэхъури, щІыхь тхылъымрэ бгъэхэІумрэ иритыжащ.

- Нобэ хэкум кьифха тыгъэ лъапІэм хуэфэщэн цІыху Тхьэм дищІ, - жиІащ Чурей Алий, екІуэкІ Іуэхур гуапэ дыдэ зэрыщыхъур и нэгу ильагъуэу. - Зэманыр гущІэгъуншэу кьытхущІэжІащ дэ адыгэм. Илъэт тІощІкІэ уэрІэбэкІыжмэ, хэт и гугъэнт мыпхуэдэу хэкурысымрэ хэхэсымрэ зэхуэсу гуфІэгъуэр зэдаІэту, гуэзвэгъуэр зэдагуэшу зэман къэхъуну. ЗытшыІэмэ, дысакъмэ, ди пщэдейр нэхъ дахэ хъуну кьысщохъурри, адыгэ лъэпкъым сохъуэхъу кьэкІуэнум дыззэрыщыгугъ фІыр нахуэ яхуищІыну. Хэкум исхэм гум, псэм кьыбгъэдэкІ сэлам гуапэ тхуэфхьжІ

Адэкі Хьэфіыціэ Мухьэмэд утыку кьришащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, гум еІэзэ дохутыр цІэрыІуэ, Истамбыл щыІэ адыгэ бзылъхугъэ Хасэм и гущІэ **Шурдым Гюнсел**. ХьэфІыцІэм жиІащ Гюнсел 1971 гъэ лъандэр зэрицІыхур, и адэ Сэхьид хасэ тхьэмадэу зэрыщытар, бзылъхугъэри адэм хуэфэщэн пхъуэ кьызэрыщІэкІар, медицинэ и лъэныкъуэкІэ Іэзагъыпхуэ кьигъэлъагъуэу, адыгэ Іуэхуми хуэзфІэкІ хищІыкьу зэрыпсэур.

- ДАХ-м и тхьэмадэми, хэкум ис адыгэхэми фІыщІэ яхуэощІ кьытхуащІа гулъытэм щхьэкІэ, - жиІащ Гюнсел. - Адыгэм ишэчам хуэдиз зи фэм дэкІа щыІэкъым. Хамэ къэралхэм ипхъа адыгэ куэд тетщ дунейм, ауэ абыхэм ящыщу адыгагъэр зыІэщІэхужари мащІэкъым. Бзэр, хабзэр нэхъ зыщІэжьыр хасэм щылажьэхэмрэ къежІуалІэхэмрэщ. Ар зи фІыщІэр Дунейпсо Адыгэ Хасэращ. ДяпэкІи нэгъуэщІ щІыпІэ щыІэ и къудамэхэр и нэІэ щІэту, адыгэ псори Хасэм къешэлІэным иужь иту лэжьэну сфІэигъэщ. Дэ дыззэбгрыыдзар тхьдэм къыхэнащ. БлэкІам хэлъа мыгъуагъэмрэ къэдмыулъэпхъэщу, тхуэзфІэкІыр длэжьу, дызэрыс къэралхэм я унафэм дыщІэту, ди бзэмрэ адыгагъэмрэ дэр-дэру тхъумэжу дыпсэунращ Іуэхум и хэкІыпІэр.

Адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнум зэрыхуэлажьэм папщІэ ДАХ-м и тыгъэ нэхъыщхьэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ хэхэс гъащІэр зи натІэ хъуа, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэшэлІэным, зэхуэгуапэу щытыным псалъэ Іущрэ Іэхуащ Іафэ щхьэпэрэ езыхьэлІэ **Къуащхьэ ДоГъэн.**

- Мыпхуэдэ Іуэху дахэр гукъэкІ зыщІахэми, ар игъэзащІэну Истамбыл нэс къэкІуа Хьэфіыціэ Мухьэмэди Тхьэр арэзы кьахухъу. Дэ куэд зи нэгу щІэкІа, куэд зышэча дыхьэпкъыжьщ. Иджыри лъэбакъуэ куэд тчын хуейщ адыгэм зиузэщІыжьын папщІи, тщІэн хуейр нэхъыбэжщ. Хуабжьу ди гуапэщ ди гуфІэгъуи, ди нэщхъеягъуи зыкъревгъэхьэлІэу ди кьуэш хэкурысхэр фыкьызэрыгъкІэлъыкІуэр.

Зэманым зыдедгъэкІуу, псом хуэмыдэу дэ тхуэдэ лъэпкъ цІыкІуэхр гупсысауэ, зэпэшэчауэ бакъуэу дыпсэун хуейщ. Дызэкъуэзыча зауэжьыр кьэмыхъуамэ хъарзынэт, ди хэку дисыжамэ, дауи, нэхъыфІт. Ауэ щыгъуэ защІэу едмыхьэкІыу ипэкІи дыгупсысэн хуейщ. Гурэ кІуэдмэ, шыр жэрхъым, жаІэ. Ди гуи дгъэкІуэдынкъым, дифІ зыхэлъхэми дыхуэпэбгъэнщ, щІэдэйр дыдей зэрыхьунум шэч кьытедмыхьэу дыпсэунщ.

ДАХ-м и саугъэтыр ираташ Анкара Адыгэ Хасэм и унафэщІу илъэс бжьыгъэкІэ щыта, КАФФЕД-м и тхьэмадэу лэжьа **Шыгъэлыгъуэ Уэджит**. Абы адыгэгу зэрыкІуэщІылъым, зыкьриимыгъэлъыжу адыгэ Іуэхум зэрыхуэлажьэм гу лъатащ ДАХ-м и Хасащхьэм зэрыхэта илъэсищым.

Адыгэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэм щІыгъуу фІыщІэ зыхуащІхэм ХьэфІыцІэ Мухьэмэд яритащ Налшык къыщыдэкІа «Черкес: войны и мастера» альбомымрэ адыгэ махуэгъэпсымрэ.

Пшыхьыр ихуащ щыпсэу щІыпІэкІэ зэпэІэщІэми псэкІэ зэгъэунэгъу зэкъуэшхэм я зэхуаку дэлъ гупагагъэмрэ гумащІагъэмрэ лъэпкъым кьызэрыхуэсэбэпым гу лъыуигъатэу.

ШЫПШ Даянэ.

ДАХ-м и дамыгъэхэр Чурей Алий ират.

Щыгъуэ пэкІум хэтщ Адыгей, Шэрджэс Хасэхэм я тхьэмадэхэу Бэгъущэ Іэдэмрэ *(япэ итщ)* Шэрджэс Мухьэмэдрэ *(ещанэу щытщ).*

Сэрынэ и сурэтхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэ

ЩЫГЪУЭ-ЩІЭЖ махуэм ипэкъихуэу Тыркум и щыхьэрми, абы къедза къалэхэми, вилайетхэми зэхьихьэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщащ накъыгъэм и 21-м ирихьэлІэу. Абыхэм ящыщт накъыгъэм и 23-м Истамбыл и Ортакёй хьэблэм дэт Гъэлъэгъуапіэ унэм къыщызэІуаха «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ шэрджэсхэмрэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэри. Абы утыку къыщрахьахэр зи Іэдакъэщ1экІыр Хьэрэтокъуэ Сэрынэщ. И анэшхуэхэм къыхуалуэтэжу зэхиха хъыбархэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьашащ пщащэр. Налшык тхьэмахуитІкІэ щыІащ, щыпІэ дахэхэм зыщилпльихьащ, адыгэхэр зригъэщІыхуащ, фІэгъэщІэгъуэн хъу псоми сурэт ятрихащ.

Сурэт щэ ныкъуэм щІигъу зыфІэпІэ пэшым щызэхуэсащ Истамбыл дэс адыгэхэм ящыщ куэд. Къэбэрдейм мызэ-мытІэу щыІахэми, хэкужьыр зэи зымылъэгъуахэми набдзэгубдзапльэу зэпапльыхь адэжь лъахэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэ дахэхэр, Іэщ хъупІэхэр, адыгэ нанэхэмрэ дадэхэмрэ, гъащІэр зи щІэщигъуэ сабийхэр, адыгэ фащэ зыщыгъ пщащэ щІыкІафІэхэмрэ щІалэ къуданэхэмрэ, нэгъуэщІ куэди.

Сэрынэ насыпыфІэт а пщыхьэщхьэм. И адэшхуэхэм, анэшхуэхэм я нэхъыбэм я къуэпсапІэу щыта хэкур зригъэщІыхуат, абы щилъагъуахэр сурэткІэ и лъэпкъэгъуэхэм яхуихьауэ яригъэльагъурт. Тыркубзэр нэхъыбэу щызэхэпх пшыхьым кьрихьэлІахэр сэ къызыгурымыІуэу топсэльыхь набдзэгубдзапльэу зэпапльыхь сурэтхэм. АпхуэдизкІэ есащ зыхэс лъэпкъым и анэдэлъхубзэми, адыгэбзэ зыщІэхэр щызэхуэзам дежи зэрыпсалъэр тыркубзэщ. Сурэтым дихьэхауэ еплъу ГъэнэгъУ схуэхъуэхэр тыркубзэкІэ къыздогуашэ. КъызрызгурымыІуэр адыгэбзэкІэ щыжысІэкІэ, я нэгум занщІэу зехъуэж, Къэбэрдейм сызэриКІар сыкъащІэри, адыгэбзэм тохьэж. Апхуэдэу а пщыхьэщхьэм зыкъом адыгэбзэкІэ къэзгъэпсэльащ. «Ўэрэ сэрэ ди насыпым шуэрэ пъэсрэ я зэхуакущ, - кІыхьжиІащ зы бзылъхугъэ. - Ўэ хэкум укъыщалъхуащ, абы ущопсэу, анэдэлъхубзэр хабзэу пІурыпльщ, сэ хамэщым сыщопсэу, си адыгбзэр ныкъуэдыкъуэщ. Сэрынэ абы кьриха сурэтхэм сызэрепльым насыпыфІэу зыкъысщегъэхъуж».

Зи анэшхуэм и цІэр зыфІащыха Сэрынэ и анэ шыпхъуитІыр и гъуэсэу Налшык къакІуэри, тхьэмахуитІкІэ зыщапльыхьащ. Абы щалъэгъуа дахэ кьомым сурэт трихыным мазитІ ихьыну къыщІэкІынт, ауэ зэманыр кьызэремэщІэкІым кьыхэкІыу, зэрыщыІар мазэ ныкъуэщ. Адыгэбзэ ищІэркъым Сэрынэ, ауэ и анэ шыпхъуэхэм, и анэ дэлъхуэхэм фІы дыдэу ар ягъэшэрыуэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэІущІэхэм хэту нэІуасэ тхуэхъуа Думэн Іумит и шыпхъум ипхъущ гъэлъэгъуэныгъэр кьызэзыгъэпэща хъыджэбзыр. Абы солъэІури, тэрмэш тхуохъу Хьэрэтокъуэхэ я пщащэм сыщепсалъэкІэ.

- Адыгэ лъэпкъым и нэхъыбэр щыпсэуэр, фэ зэрыфщІэщи, Тыркуращ. Мыбы щыщ тыркухэм я нэхъыбэм адыгэр ящыщхьуркъым, куэду дыщыпсэуми ди хъыбар, ди кьежьапІэ ящІэркъым, - кьыздогуашэ Сэрынэ. - Си лъэпкъыр тыркухэм кьезгъэщІыхуну сыхуейт, кьищынэмыщІауэ адыгэхэм защІэжьи, я хэкужьым и хъыбар гуэр яІэрызгъэхьэн папщІэ зыгъэщІэну си мурадт куэд щІауэ. Абы кьыздэкІуэуэри, си лъэпкъым, си щэнхабзэм, си хабзэм сыпэжьжьу сыкъыщзэрыпльагъ, ауэ зэманыр сыкъыщзэрыпльэгъуну зэпытт. Апхуэдэ гупсысэхэм хэкум сашэжащ, икІи щысІьагъу пэсри сфІэтелъыджжэти, сурэт тесхащ. СыкъэкІуэжа нэужь, сыхэплъэжу сыздэщысІуэн, сигу къэкІащ а хъугум еІэзэ дохутыр цІэрыІуэ, Истамбыл щыІэ адыгэ бзылъхугъэ Хасэм и гущІэ **Шурдым Гюнсел**. ХьэфІыцІэм жиІащ Гюнсел 1971 гъэ лъандэр зэрицІыхур, и адэ Сэхьид хасэ тхьэмадэу зэрыщытар, бзылъхугъэри адэм хуэфэщэн пхъуэ кьызэрыщІэкІар, медицинэ и лъэныкъуэкІэ Іэзагъыпхуэ кьигъэлъагъуэу, адыгэ Іуэхуми хуэзфІэкІ хищІыкьу зэрыпсэур.

- ДАХ-м и тхьэмадэми, хэкум ис адыгэхэми фІыщІэ яхуэощІ кьытхуащІа гулъытэм щхьэкІэ, - жиІащ Гюнсел. - Адыгэм ишэчам хуэдиз зи фэм дэкІа щыІэкъым. Хамэ къэралхэм ипхъа адыгэ куэд тетщ дунейм, ауэ абыхэм ящыщу адыгагъэр зыІэщІэхужари мащІэкъым. Бзэр, хабзэр нэхъ зыщІэжьыр хасэм щылажьэхэмрэ къежІуалІэхэмрэщ. Ар зи фІыщІэр Дунейпсо Адыгэ Хасэращ. ДяпэкІи нэгъуэщІ щІыпІэ щыІэ и къудамэхэр и нэІэ щІэту, адыгэ псори Хасэм къешэлІэным иужь иту лэжьэну сфІэигъэщ. Дэ дыззэбгрыыдзар тхьдэм къыхэнащ. БлэкІам хэлъа мыгъуагъэмрэ къэдмыулъэпхъэщу, тхуэзфІэкІыр длэжьу, дызэрыс къэралхэм я унафэм дыщІэту, ди бзэмрэ адыгагъэмрэ дэр-дэру тхъумэжу дыпсэунращ Іуэхум и хэкІыпІэр.

Адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнум зэрыхуэлажьэм папщІэ ДАХ-м и тыгъэ нэхъыщхьэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ хэхэс гъащІэр зи натІэ хъуа, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэшэлІэным, зэхуэгуапэу щытыным псалъэ Іущрэ Іэхуащ Іафэ щхьэпэрэ езыхьэлІэ **Къуащхьэ ДоГъэн.**

- Мыпхуэдэ Іуэху дахэр гукъэкІ зыщІахэми, ар игъэзащІэну Истамбыл нэс къэкІуа ХьэфІыцІэ Мухьэмэди Тхьэр арэзы кьахухъу. Дэ куэд зи нэгу щІэкІа, куэд зышэча дыхьэпкъыжьщ. Иджыри лъэбакъуэ куэд тчын хуейщ адыгэм зиузэщІыжьын папщІи, тщІэн хуейр нэхъыбэжщ. Хуабжьу ди гуапэщ ди гуфІэгъуи, ди нэщхъеягъуи зыкъревгъэхьэлІэу ди кьуэш хэкурысхэр фыкьызэрыгъкІэлъыкІуэр.

Зэманым зыдедгъэкІуу, псом хуэмыдэу дэ тхуэдэ лъэпкъ цІыкІуэхр гупсысауэ, зэпэшэчауэ бакъуэу дыпсэун хуейщ. Дызэкъуэзыча зауэжьыр кьэмыхъуамэ хъарзынэт, ди хэку дисыжамэ, дауи, нэхъыфІт. Ауэ щыгъуэ защІэу едмыхьэкІыу ипэкІи дыгупсысэн хуейщ. Гурэ кІуэдмэ, шыр жэрхъым, жаІэ. Ди гуи дгъэкІуэдынкъым, дифІ зыхэлъхэми дыхуэпэбгъэнщ, щІэдэйр дыдей зэрыхьунум шэч кьытедмыхьэу дыпсэунщ.

ДАХ-м и саугъэтыр ираташ Анкара Адыгэ Хасэм и унафэщІу илъэс бжьыгъэкІэ щыта, КАФФЕД-м и тхьэмадэу лэжьа **Шыгъэлыгъуэ Уэджит**. Абы адыгэгу зэрыкІуэщІылъым, зыкьриимыгъэлъыжу адыгэ Іуэхум зэрыхуэлажьэм гу лъатащ ДАХ-м и Хасащхьэм зэрыхэта илъэсищым.

Адыгэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэм щІыгъуу фІыщІэ зыхуащІхэм ХьэфІыцІэ Мухьэмэд яритащ Налшык къыщыдэкІа «Черкес: войны и мастера» альбомымрэ адыгэ махуэгъэпсымрэ.

Пшыхьыр ихуащ щыпсэу щІыпІэкІэ зэпэІэщІэми псэкІэ зэгъэунэгъу зэкъуэшхэм я зэхуаку дэлъ гупагагъэмрэ гумащІагъэмрэ лъэпкъым кьызэрыхуэсэбэпым гу лъыуигъатэу.

ШЫПШ Даянэ.

Хьэрэтокъуэ Сэрынэ

- Хьэрэтокъуэ Сэрынэ и Іэдакъэщ1экІэр игъэльагъэуну хуейуэ КАФФЕД-м и хъыбар къыщыдигъащІэм, ди гуапэу дэтІыгъащ - кьыджиІащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**. - Адыгагъэм щІапІыкІа, адыгэпсэ зыІут хъыджэбз цІыкІум и лъэр нихусащ хэкужьым икІи абы щилъагъуа псомкІи адрейхэм ядзэгуэшэну зэрихьуэпсапІэр кьыджиІати, зауэжьыр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлІэу хэхэсхэм я пащхьэ къитхьауэ аращ. Ди хэкужьыр зищІысым, абы бгъэдэлъ беягъым, адыгэ нэгу зэлъыІухэхэм Сэрынэ и сурэтхэмкІэ уеплъыну гухэхъуэу кьыщІэкІащ. Мыбы кьрихьэлІа ди лъэпкъэгъуэхэм я гум жьы дихуауэ жьыІэ хъунущ нобэ. Налшыкрэ абы и Іэгъуэблагъэхэмрэ зэи зымылъэгъуахэм я дежкІэ гурыфІыгъуэшхуэщ.

- Дэр-дэру зыгуэрхэр зэхуэтІуатэкІэ, Іуэхуэхэр зэфІэдгъэкІкІэ, адрейхэм дыкъащІэнукъым - псалъэмакъым кьыпещэ КАФФЕД-м и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Бырс Реджаи**. - Дэ ди лэжьыгъэхэр, ди зэфІэкІыр, ди щыІэкІэ-псэукІэр, хэхэс адыгэхэм адыгэ хэкужь ди щІыбагъ кьызэрыдэтыр нэгъуэщІ лъэпкъэмэ едгъэлъагъун хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ сэбэпышхуэ хьунущ Сэрынэ и лэжьыгъэр. Щыхэмэ зэи щІэныгъэ, щІэхуитхуащІу дрейм дытетыну, дыхуеймэ, мыпхуэдэ Іуэху дахэхэр щІэкІщІэхьырэ утыку кьитхьапхъэщ.

Хьэгъундокъуэ Яшар пэжу жиІат. ГъэльагъуэныгъэмкІэ щыкІахьэлІахэм гупсэхугъуэ гуэр зэрагъэутар я нэгум кьищырт, хэкум пэІэщІэ, ар зэи зымылъэгъуахэм фІыгъуэ гуэр кьайхьулІа хуэдэу, кьызэрагъэтэн псалъэ яхуримыкъуу, зызыщамыгъэнщІу зэбгрыкІ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Истамбыл



ЖЫІЭГЪУЭХЭР

Щыху псори уи щхьэ йомылъыт

Уи псэр іэкІэ хэхьжыгъуейщ, ауэ уи гъащІэр уи Іэкі къутэжыгъуафІэщ.

Уи нэр буфыцІреймэ, нэфурагуъэжынщ. Уигу зэбгъажыныр пэж нэщэнэщ: йомыгъэлей къудей.

Фэрыщіу гъащІэр пхьын, зэ укъыщитхьынщи, хуиту убэуэжынщ.

Фіейр утыку Іээху щІы - къуагъым къыкъуэнэмэ, щобатэ.

ХэІэтыкІа нагъыщэм нэхърэ упщІэ нагъыщэр нэхъыбэрэ къагъэсэбэпыпхъэщ.

Хуэщ1э хуэщіи, зэ хуумыщІжьыфмэ, къаугъэ ухадзэнщи, утыныжынщ.

Цыху псори уи щхьэ йомылъыт: бгъэулъиинІакІэ хъунущ.

Цыхум и нык1усаныгъэр щызыбзыщІым еукІ, ириубыдыпІэу жезыІэри хелъафэ: Іэмал екІуэн хуейщ.

Цыхум сыт къысхужиІэн жыпІэмэ, жыпІэну псом ящхьэщ.

Іуэхур и кІэм нэблэгъамэ, чыцІ ажэм утемыплъэкъукІ - псоу зэзыщІэжыр аращ.

Зэ сымаджэгъэум уэрэриузынша псор пщегъэгъупщэж.

Зыщіэ псор зыІуатэм къыззрыгурымыІуэлар Іупщіщ.

Хэсыпыр зищІысым ущІэупщІэнумэ, сымаджэр къэбгъанэу узыншэм зэман йомыгъэхь.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

ХЬЭХ Іэминат

Бжьыхьэ щІыІэр щыхуабэр

Рассказ

«Сэ фІыуэ слъэгъащ. Сэ фІыуэ слъэгъащ...». Апхуэдэурэ гупсысэрт бжьыхьэ щІыІэ щыхьэщхьэм Лалинэ. Хъыджэбзыр илъэс пщыкІублым итт, ауэ, и ныбжьым емылъытауэ, балигъ гупсысэкІэ иІэт. «ИгъащІэм зы щІалэ сегупсысакъым, сыт къысщыщІар, си щхьэм сыт щІимыкІыр?» - къэгубжьырт ар. Нэху щащ, Лалинэ. и напІэр зэтриІахьатэкъым. Пщэдджьыжьым жьы дыдэу еджапІэм нэсащ. «Си ныбжьегъуэгъ къыщыдыхьэшхынщ, сыкъащІэмэ», - гузавэрт хьыджэбзыр еджапІэ паркым иту.

Си нэху цІыкІу, сыт узэгупсысыр? - къеупщІащ абы къыбгъэдыхьэ Дисанэ.

«Къэсащ... Сыт жесІэнур?» - гужьеящ Лалинэ. - Сыгупсысэрэ сэ сытми? - дыхьэшх нэпцІ зищІурэ, жэуап иритыжащ.

- Пщыкъан укъелыхьуэ. Іуэху гуэр къыпхуиІэу къыжиІащ. Нобэ сыхьэтищым паркым къыщожьэнущ.

«СыкъыщІащ! Сыкъыщ1ащ!» - КъыщІысхуейр пщІэрэ? - еупщІащ Лалинэ и ныбжьэгъум.

- Хьэуэ, тІасэ, хэсщІыкІкъым, ауэ и фэр сигу ирихьакъым. Зыгуэрым щхьэкІэ гузавэрт, жысІэхэр зэхих-зэхимыхт. ИтІанэ и Іэр кІэзызу къысфІэщІащ. Гъэщіэгъуэнкъэ?

«Къыпогуфыкі. ФІэауанщ», - зэгуэпащ Лалинэ.

- Сыт, Дисанэ, Пщыкъан щІыпфІэауаныр? - щІэупщІащ.

- ЩІыкфІэауанри? Ди еджапІэм абы зы щІалэ цІыкІу щымышынэу ину епсэльэнукъым. Сэ къыщІэзэпсальэм къыхфІэмЬыкІыу къыщыхьащ.

- Куэдщ, Дисэ, къыпфІэщІауэ аращ. Дыпсалъэурэ, дыкъыкІэрыхунщ. ЕгъэджакІуэр къэсауэ къыщІэкІынщ, - жиІэри Лалинэ еджапІэмкІэ иунэтІащ. Дисанэ, пидзын имыгъуэту, кІэлъыкІуащ и ныбжьэгъум.

Лалинэ а махуэм зэхихари къыджари мащІэщ. И щхьэм нэгъуэщІт иІыыр - Пщыкъан къымыщІэу зэрыщІэпхъуэжьынт. Ээманыр сыхьэтитІым нэбдзэгъащ. Лалинэ сымаджэ нэщІ зищІщ, егъэджакІуэм зригъэутІыпщыжри, унэм псынщІэу кІуэжащ. Жэщ псом гупсысащ хъыджэбзыр, ищІэнур къыхуэмыщІэу. ЕгъэджакІэм кІуэмэ, Пщыкъан къыхуэзэнут, итІанэ сыт ищІэжьынт? Епсэльэн хуей хъунут. Ар нэхъ фІэщыпагъуэ дыдэт Лалинэ.

«ТхьэмахуэкІэ сыкІуэнкъым, езыр-езыру теужьнщ, си гугъуи къыщІыжьнкъым». Апхуэдэу мурад ищІа иужьщ щІыхьэпІэ дахэм пщыдджыжь хъуху щиубыдар хъыджэбзыр.

Тхьэмахуэр зы сыхьэт хуэдэу дэкІащ. ЕджапІэм кІуэжьин хуей хъуащ Лалинэ. И гур къигуэвыкІыу паркым ит тетІысхьэпІэм тест, уэшх къешхри зыхимыІэу. Жыг тхьэмпхэр къеІуащщэ фІэкІ умыщІэу, къыпилъэлъэрти, щІым дахэу тегъуалъхьэхэрт. Пщэдджыжь жьы щІыІэр къыкъуэуащ.

«Сыту щІыІэ!» - зимыщІэжу ину къыпсэлъащ Лалинэ.

- ЩІыІэщ, - къэІуащ гъунэгъу дыдэу. Хъыджэбзым Пщыкъан къильэгъуащ. Ар псынщІэу къэтэджащ, ауэ гуват.

- Сыт, Лалинэ, зыщІэбгъэпщкІур? Сыт къэхъуар? - щІэупщІащ Пщыкъан.

- ЗызгъэпщкІурэ сэ сытми? - къыфІэІуэху-къыфІэмыІуэхуу жэуап итыжащ хъыджэбзым.

- АтІэ, сыт укъыщІэмыкІуар, Дисанэ къыщыбжиІа сыхьэтым? Зыгуэр уи жагъуэ хъуа? КхъыІэ, къызжеІэ, - лъэІуащ щІалэр.

- Си жагъуэ зыри хъуакъым, умыгузавэ. Зызгъэсымэджати аращ, - жиІащ Лалинэ.

- Сэ бжесІэну сыхуейщ...

«Си Іуэху къызумыхуэ, жиІэнущ. Сыт сщІэнур?» - гупсысэм ихьирт Лалинэ.

- Хьэуэ, пысщэнкъым. УзгъэхуэкІыгъэнкІэ сошынэ, - къыпсэлъащ Пщыкъан.

«ЩІалэфІщ», - къыпигуфыкІащ хъыджэбзыр.

- Уэ езым къыбгурыІуауэ къысфІощІ сызытепсэлъыкъуэр. БжесІэнур зыщ: бжьыхьэ щІыІэр къызохуэбэкІ.

- Ар сыт щхьэкІэ? ЩІыІэ дыдэщ! - итъщІэгъуащ зыри къызыгурымыІуэ Лалинэ.

- Дедэ цІыкІу! - дыхьэшхащ Пщыкъан. - Бжьыхьэ щІыІэр къызохуэбэкІ, си лъагъуныгъэр къэзгъэуэтащи!

ЛЪЭПКЪ ШХЫНЫГЪУЭХЭР

ШатэкІэ гъэбэккъа кІэртІофыщІэрэ джэдыщІэрэ

Джэдыр ягъэкъабзэри зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэгъущ. КІэртІофыщІэр ягъэкъабзэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, пащІэ цІыкІуурэ ящІщІатэ. Тебэм тхъу иралъхьэри, градуси 150-І60-рэ хьуху къагъэпІъ, абы джэдыл шыуар халъхьэ. ЗэрагъэдзэкІыуэр мафІэ инкІэ ягъажьэ тхъуэпІъ дахэ хьухукІэ, итІанэ тебэм кърахри тепщэчым иралъхьэ.

Ар зыхэпъа тхъур градуси 120-130-м нэсу ягъэупщІыу, бжьым упщІэта халъхьэ, шыбжий сыр хьэжа хадзэри, зэІащІэурэ тхъуэпІъ хьуху ягъэлыбжьэ. Бжьым гъэлыбжьар тебэм кърахри тепщэчым иралъхьэ.

Тебэм къина тхъур къагъэпІъ градусри 130-140-рэ хьуху, кІэртІоф упщІэтар халъхьэ, шыгу тракІутэ, и щхьэр трапІэжри, дакъикъи 2 хуэдизкІэ ягъажьэ. ИтІанэ кІэртІофым псы щІыІэ щІакІэри джэд гъэжьар, бжьым гъэлыбжьар и щхьэм тралъхьэ, шатэ щІакІэжри тебащхьэр тепІауэ мафІэ цІыкІум тету хьэзыр хьуху ягъажьэ.

Хьэзыр хьуа нэужь, мафІэм къытрахыж, джэдгъи цІынэ къудамэ трапІхьэ, и щхьэр трапІэжри дакъикъи 5-6-кІэ щагъэт, Іэфі къыщІыхьэн щхьэкІэ, Іэнэм щытрагъэувэкІэ, джэдгъи къудамэхэр къытрахыж. Іэнэм тепщэчым илъу трагъэувэ. Тебэм къина шатэпсри тракІэж. Пластэ, мырамысэ хуабэ, щІакхъуэ даших.

Халъхьэкэр (цІыхуиц Іыхьэ): кІэртІофыщІэ укъэбзауэ г 530-рэ, джэдыпу - г 360-рэ, тхъуэ - г 50, шатэу - г 250-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, псы щІыІэу - г 50, джэдгъи къудамэу - 3-4, шыбжийуэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

ГУШЫІЭ

Шху иризгъэпщІэнущ

Зэгуэрым Хъуэжэ гъавэ хъуэж ежьэну зигъэхьэзырырти, къэп хурикъуртэкъым. И гъунэгъумкІэ ежэкІри, елъэІуащ хъэхуу и къэпхэр къритыну.

- Уи къэпхэр махуищкІэ хьэхуу къызэпттэмэ, - щыжриІэм, и гъунэгъу лІым и нэщхъыр зэхэукІауэ къеупщІащ:

- Сыт къэпхэм ирипщІэнур? - жиІэри.

- Шху иризгъэпщІэнущ, - жриІащ абы Хъуэжэ.

- Къэпхэм шху иригъаПщІэ хъурэ? - къыхуидакъым лІым.

- А къомыр къыумыгъэкІуэжІыу «уэстынукъым» жыпІэмэ, сыщІэкІыжати, - Хъуэжэ я унэ кІуэжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

ХЬЫБАР КІЭЩІХЭР

Езым къыфІэІуэху?

Ди къуажэ щыщу сиІэщ су щІыхьэгъэ гъуэр. Жылэм сыдыхьэжьыхкІэ, абы жиІэу зэхьзох: «Хабзэ щыІэжкъым, нэмысращи - пихыжащ, ди щІэблэр кІуэдащ, нэхъыжьхэм, адэ-анэхэм пщІэ іъэпкъ димыІэжу дыкъызэхэнащ. ЩІалэгъуалэр кхъэм ихьэмэ, ІІар къафІэмыІуэхуу хъыбар иІуатэри итщ...». Сыт пэдзыжьын, «Пэжщ, пэжщ» жызоІэри сыблокІ. Ауэ хабзэм апхуэдизу тепсэлтхьэ лІым и адэ-анэм я кхъащхьэр зыхуэдэр пІьагъуэщ, абы и псальэхэр фэрыщу къыпщокъу. Сынэр банэмрэ пабжьэмрэ щІагъэнэжащ. Ар, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, игъэкъэбзауэ си фІэщ хъуркъым.

Хьэлэл хуэхъуну пІэрэ?

Ельциным и зэманыгъуэу пенсэр, улахуэр мазэ бжьигъэкІэ щамыт лъэхъэнэрт. Ди къуажэм щыщ Хьэжмурид шкІэ, танэ цІыкІу хьэблэм, къуажэм къыщищэхурт, домбей хьухукІэ игъашхэрти, лъапІэу ищэжырт. Зы махуэ гуэрым абы и деж къыщІохьэ и ГъунэгъуР, и къуэм къишаРэ ахъшэ къыздрихьн имыщІэу гузавэу. «КхъыІэ, жи, ахьшэ щІыхуэ къызэт». Арщхьэкіэ дэнэт? - сиІэкъым жери модрейм зытригъэхьэрхьэм. «НтІэ, - жи, си танэр щэху».

Ар щІэзэкъым, Хьэжмурид и гур кІогуфЫкІ. Зыжьэм щІауэ ар екъуапсэрт и ГъунэгъуМ и танэм. Арщхьэкіэ «къызэщэ» жриІатэкъым, «игъэпатІэмэ» жери.

- ПІо зэрызбгъэщІынур? - и ГъунэгъуМ дежкІэ іоплъэкІ Хьэжмурид. - Мобдеж щІэтхэр схуэгъашхэркъым.

ЛъэІуакІуэ къэкІуам и щхьэр къысфІоху:

- Хьунц-тІэ, - жи бысымым, - сыхуэмеймри, уи Іэуху дзэгъэкІын щхьэкІэ къыпІысхынщ. ИкІи къызэрищэкуну уасэр зыхуэдизыр жрІэ.

- Іагъ! - къопсалъэ ГъунэгъуР. А жыхуэпІэр уасэ нык1ъуэщ. АпхуэдитІ къуатынущ танэм.

- Къуатынумэ, си деж укъыщІэкІуар сыт? Щэ!

ГъунэгъуР зыкъомрэ щысщ-щысри, арэзы хъуащ уасэ нык1ъуэмкІэ танэр итыну. Сыт ищІэнт, нэгъуэщІ зэкІыпІэ иІэтэкъым.

Ижкъым «Си ГъунэгъуМ мыр есщІат», - жери и благъэхэм ар яхуиІуэтэжащ. Ауэ Хьэжмурид абы къыщІихар хьэлэл хуэхъуну пІэрэ?

САУТ СулъТІан.

КЪУАЖЭХЭР

Жэуэрэ лъатэу уэм ихьэж

ГъущІ
лъэбжьанэбэ,
Вагъэ гъэщабэ.

ГъэшхэкІым
И быдэ,
Чей быдэжьым
Ибзахэ,
Кърахыжьым -
ГъуэмыІэ.

Пхъафэ,
Зи тафэр хъар.

Шэрхъым тету
Тафэм теж,
Жэуэрэ лъатэу
Уэм ихьэж.

Іунэ закъуэм
ЗэкІэрипхэ,
Зэпхыжауэ
Сэ жаниТІ.

Зи бжьхыыр

ЖЭУАПХЭР:

Кхъхъ. Хуэрэ. Хуэрэнэ. Хуэрэнэрэ. Іэнжьэ.

Зыхэзэлытхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

* * *

ЖумыІэфу а уи гущІэм
Щыбохъумэ гухэлъ гуэр,
Гурэ гурэ щІэзэрыщІэм,
Щхьэ епхьэхрэ
къызэплъ нэр.

ЖыІэ, жыІэ сыт
къэхъуами,
СедэІуэну сыхьэзырщ.
Аддэ жьыжьэу
щІэпхъумари
КъэзыщІэну хуейр сэ зырщ.

* * *

Зэхьэзох жаІэу: доклІ зэмани,
И гуауэр цІыхум щогъупщэж.
УІэгъэ пэтрэ, лъэужь къанэу
ЗдэкІуар умыщІэу
хогъуэщэж.
А псалъэр пэжу
сыщыгугъыу
Си фІэщ щыхъуам ар - сыщыуащ.

ИУАН ВЛАДИМИР

Ауэ а лажьэр пщигъэгъупщэу,
НэгъуэщІ къыплъымысым
уунащ.

* * *

Дэ къыптщохъу нэгъуэщІым
лъысыр
Нэхъ іыхьэфІу, нэхъ гунэсу.
Тхуэфэщэжьр къыщыІтьлъысым
Къохъур куэдрэ зыдгъэгусэу.
Сыти жьІэ, сыти лэжь,
Къыпльосыжьыр щхьэж къилэжь.

* * *

ГъэщІэгъуэнщ цІыху хьэлыр,
Зэрыщыгъ имыщІэжу,
ФІэбылымыщ нэгъуэщІыр,
Игъэсэну хуоижь ар,
Езым зимыщІэжу.
ЗыкъэщІэжьым, зеущэхурэ,
ЗегъэІу нэхъ къабзэжу.

ТЕПЛЪЭГЪУЭХЭР

Анзорей къуажэм щыщ Дол Даринэ Амир и пхъум мы гъэм сабий садыр къиуахащ. Даринэ кудым зыщыхуигъэсащ абы. Ар гъэхуауэ уэ къоджэ, таурыхъхэр гъэщІэгъуэну жеІэж, сурэт дахэу ещІ, уэрэди жеІэ икІи къофэ. Нэхъыщхьэращи, хьэрфхэр зригъэщІыхуащ, ахэр зэпитъэуэрэ псальэхэм къоджэф. Сабий садым щызригъэщІахэм школым щыкІигъахъуэу ехъуІэныгъэхэр иІэу еджэну, хабзэ, нэмыс зыхэлъ адыгэ пщащэ къищІыкІыну дыщогугъ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **6.** ... щхьэнтэ. **8.** Дунейм цІыхур зэрехьжам теухуауэ нэгъуэщІхэм хъыбар езыгъащІэ. **9.** Нартхэм я фадэр къызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхэ. **10.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **11.** ... нэгъуэщІым кхъыкъэптІмэ, абы уихуэжьынкІэ мэхъу. **12.** ЩоджэнцІыкІу Алий и усэхэм щигъафІэ удз гъэгъа шакъафэ-кІащхьуафэ цІыкІу. **13.** Пхъэщхьэмыщхьэ гъащІэ цІыкІу. **15.** Удын зэхэдзэ нэхъ-рэ, ... зэхэдзэ. **17.** Хадзэкі. **18.** Гъэщхэкі. **19.** Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къищІынщ, цІыху ... бгъашхэмэ, уи Іупэм кЬеуэжьынщ. **20.** Джэдум сабий нэхъ цІыкІуэзр зэреджэ псалъэ. **21.** Хьэжьигъэ, нэгъуэщІ ерысыкъэпхъэ, ГъавэзэкІ зракІуэтэ. **23.** ПІалъэкІэ къащта хьэпшып, Іэмэпсымэ гуэр. **24.** Унэм и зы Іыхьэ. **29.** Удз дэжей лІэужьыкъуэ. **30.** Шэджэм куейм хиубыдэ къуажаншхуэ. **31.** Хьэпщхупщ. **33.** Зеинщэ. **34.** ... джэдыгу. **35.** «Си лІыр ... ешхэу дэт мыхъумэ, пщІантІэм чымпэ къыщиІэтыркъым», - мэтхъэусыхэ фызыр. **36.** Еуэкіыпіэ. **38.** Фэ гъэтэджа. **40.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **41.** Іуащхьэм е бгым и бгъуэщІ. **45.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **46.** ГъуКІэ Іэмэпсымэ. **47.** Псыежэкым, кьалэм, районым зэрахъэ щІэ. **49.** Ерысыкъыпхъэ. **51.** Къурш зэпыт ирикІуэм и щыгъэ, **52.** А унэцІэр зэрахъэ: Къэбэрдей усакІуэм; ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхъэ театрым и джэгуакІуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артистым. **53.** Псы Іуфэм, псыкум иІэ мывалъэ-пшахъуалъэ.

Къехьу: **1.** ЩыщІыІэм, щыуэлбанэм деж щхьэм трапхъуэу, пщэм къращэкІыу цІыхухъуэм зэрахъэ. Нэхъыбэу - Іэщыхъуэхэм. **2.** Хъыджэбз щІалэ. **3.** Ди гъунэгъу щІалэм и ныбжьІащ - еджапІэ ищхьэм щІэхуауэ. **4.** Адыгэ композитор, ПащІэ Бэчмырзэ и пхъурылъхъ. **5.** КІэлъыплъыну, иурымэну зыгуэрым пІалъэкІэ кхъыхуагъанэм щхьэкІэ апхуэдэу жаІэ. **7**. ... , ... , мыщэ лъэбыщэжьыр къофэ. **9.** Шыбжий ... е бзэгу, жьэ кІуэцІыр къэзыс шхыныгъуэ гуэр. **14.** Ухуэныгъэм кхъащагъэсэбэп пхъэхкІ. **16.** ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхъэ театрым и джэгуакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Дол Даринэ и Іэ. **18.** Псыежэкыр апхуэдизкІэ къиуащи, ... зэтес хьихьэмэ, щІигъэнэфынущ. **22.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **23.** Уэ ... хэлъхьи, сэ берычэт ныхэслъхьэнщ. **25.** Пхъэщхьэмыщхэ: дзэ быдэ пІымытмэ, пхузшхынукъым. **26.** ЩІэныгъэнщэ, зи къэухьыр мыин. **27.** ЩІалъэщІэр нэхущым мэзым кІузщ, пхъэ ... кьишэри кІульшыкъум и пщІантІэ дыхьэжащ. **28.** Джыдэм зэреджэ нэгъуэщІыщІэ. **32.** Хьэм и щІыпфэм хищІэ хьэпІацІэ. **35.** И инагъкІэ, и теплъэкІэ мыин, мыщІыкІукурыт. **37.** Адыгэ къэфэкІэ. **39.** ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхъэ театрым и джэгуакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **42.** Хадзэкі. **43.** Джэдкъаз. **44.** Нартыкъу хьэжьигъэ гъэлыгъуа. **46.** Лъахъшапіэ щІыпІэ. **48.** Джэрэзыжу, мыл гущІыІум хуэщІагъафэ. **50.** Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накъыгъэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэпхэр:

ЕкІуэкІыу: **6.** Сэдэкъэ. **8.** Щхьэнтэ. **10.** Бру. **11.** Хьэшыр. **13.** Къанлы. **15.** Пэшэгъу. **17.** Лэрыпс. **18.** Пхъампэ. **20.** Гъэбжэ. **22.** Пльай. **23.** Блашэ. **27.** Тэрэзэ. **28.** Пхъэшыкъу. **32.** Адакъэ. **33.** Шыд. **34.** Унафэ. **37.** Тембот. **39.** Архъуанэ. **41.** Аркъэн. **43.** Пэрыт. **45.** Пыпхэ. **46.** Ауэ. **47.** Бэгъэпщ. **49.** Іэпхьэзм.

Къехьу: **1.** Псыхьэлыгъуэ. **2.** Уд. **3.** Дурэш. **4.** Хъун. **5.** Дзэлыкъуэдзэ. **7.** Къыр. **9.** Хьэкъ. **12.** Шыр. **14.** Нэм. **15.** Псы. **16.** Гъупщ. **19.** Шей. **21.** Жырыкъ. **24.** Лашын. **25.** Бзу. **26.** Пхъы. **29.** Мастэпэбдз. **30.** КІыщ. **31.** Хьэсэпхэуымэ. **35.** Къута. **36.** Къан. **38.** Мер. **40.** Альп. **42.** Къаугъэ. **44.** Топ. **45.** Пшэ. **48.** Гъэ. **50.** Хьэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Щырыж Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и оперативнэ-техническэ Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Ленином и 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу ДыщэкІ Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ,** *(3, 4, 6-нэ нап.), ІыхтІыкІ Азэмэт, (1, 2, 5-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №1110